**Өзбекстан Республикасы жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети**
**Магистратура бөлими**

**Қол жазба ҳуқуқында**

**Музыкалық тәлим кафедрасы**
**5А141001(Музыкалық тәлим методикасы)**

**Моянов Ықластың**

# «Қарақалпақ бақсыларының педагогикалык көз-караслары»

(Әжинияз ҳәм Бердақ бақсылар тийкарында)

**атамасындағы**

**МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ**

**МАК да жақлаўға рухсат**
**Магистратура бөлими баслығы**
**___________ ю.и.к., доц.А.Гулимов**

**Кафедра баслығы:**
**доц.П.Палуаниязов___________**

**Илимий басшы:**
**доц.П.Палуаниязов___________**

**Нөкис-2012**

**Кирисиў……………………………………………………………….…3**

**1.Бап. Қарақалпақ бақсыларының тарийхый дереклери……………...6**

**1.1. Қарақалпақ бақсылары тарийхына қысқаша анализ жасаў……..6**

**1.2.Әжинияздың устазлық хызмети ҳәмпедагогикалық**
**көз карaслары...................................................................................14**

**1.3.Әжинияздың әдеп-икрамлылық ҳаққындағы ой-пикирлери……17**

**1.4.Әжинияздың устазлық жолларын үйрениў……………………....19**

**Биринши бап ушын жуўмақ……………………………………….....29**

**2.Бап. Бердақ бақсының тәлим-тәрбиялық ой пикирлери…………..31**

**2.1.Бердақ бақсының педагогикалық көз-карaсларын үйрениў…….31**

**2.2.Бердақтың жәмийетлик педагогикалық коз-карaслары………….37**

**Екинши бап ушын жуўмақ………………………………………….…..61**

**Пайдаланған әдебиятлар…………………………………………….…64**

**Теманың актуаллығы**. Ҳәр бир халықтың узақ өтмиши, шынлыққа толы дәўирлери, ўақыялары, мақсетке муўапық раўажланыўы музыка менен сыбайлас. Ерте дәўирлерден баслап-ақ музыка үзликсиз рәўиште халықтың жасаў өмири, заманның ағымы менен тығыз байланыста. Қайсындай ўақыяға байланыслы дөреген нама, халық намаларына айланып кеткен. Сонлықтан халық намасы-деген атама келип шыққан. Сол ерте дәўирден бери аталып киятырған халық намаларында сазға уқыбы бар инсанлар дөреткен. Бирақ бул инсанлардың атлары сақланып қалмаған. Себеби шығарған намасын нотаға түсирип қалдырғандай, музыка саўаты бар инсанның болмаўында. Егер сондай илимли, билимли жазба түрде қалдырғандай ямаса европа мәмлекетлериндеги уллы композиторлардай бизде де, саўатлы инсан болғанда, нама авторы менен шығармасы сақланып қалған болар ма еди.

Қарақалпақ халқында ең күшли ҳәм тез раўажланған нәрсе «халық аўыз еки дөретпелер» атадан-балаға миллий мийраслар, дәстүрлер, қосықлар,өнерлер шынжырма-шынжыр жазыў, оқыў яғный саўатлы боламандегеншеушласып келди. Бул екинши жағынан халықтың өз миллийлигине садық екенлигинен дерек береди. Миллий музыкамыз тез пәт пенен раўажланған.Сонлықтанда ҳәр бир инсан дүньяға келер екен, ол миллий музыка менен тәрбияланып, камалға келетуғыны белгили. Себеби миллий музыкада тәлим-тәрбияға ақыл-санаға, адамгершиликке баслап тәрбиялаўшы ақыл-нәсият қосықлар қатарлары өз-ара тығыз байланысын тапқан. Шығыстың атақлы илимпазы Абу-Али Ибн Сино өзиниң «Китабий шипа» мийнетинде бала тәрбиясына айрықша кеўил аўдарып қызықлы пикир айтады`»бөбектиң тилегин қанаатландырыў ушын оған еки нәрсени қолланыў керек. Биринshиден баланы әсте ғана тербетиў, екиншиден оны уйықлатыў ушын дәстүрге айланып кеткен нама ырғағы менен ҳәййиўлеў. Сол екеўин қабыл етиў муғдарына қарап баланың денеси менен дене тәрбияға ҳәм рууxы менен

музыкаға болған қәбилетин пайда етеди.» Демек музыка инсан дүньяға келиўи менен оның жан дүньясына араласады.

Сонлықтанда изертленип атырған тема ҳәзирги дәўирдеги ең актуал мәселе есапланады. Келешек аўладтың санасына сиңдириў бизлердин баслы мақсетимиз есапланады.

**Теманың изертлениў дәрежеси.** Қарақалпақ бақсыларының педагогикалық көз-қараслары дөгерегинде илимпазлардың жумысларында азлы-кем сөз етиледи. Тийкарынан Қ.Айымбетовтың, Қ.Мақсетовтың, Т.Адамбаеваның, В.Шафранниковтың жумысларында баксылардың тарийхы, олардың дөретпелерин жыйнаў, баспадан шығарыў жумысларын әмелге асырады. Профессор Ө.Алеуовтың «Қарақалпақстанда тәлим-тәрбияның қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы» атамасындағы мийнетинде жыраў ҳәм бақсылардың дөретпелериндеги тәлим-тәрбиялық пикирлерин келтиреди.

Искусство илимлериниң кандидаты Т.Адамбаеваның «Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы» атамасындағы мийнетинде Муўса бақсы дөретиўшилик жолына кең түрде изертлеў жүргизиў менен шекленеди.

**Теманын максет хам уазыйпалары.** Жумыстын тийкаргы максети келешек ауладка Каракалпак бақсылар дөретпелерин уйретиу, ондагы тарбияга сай болган ой-пикарлерди жузеге шығарыу жумыстын тийкаргы максетинен есапланады.

**Изертлеўдиң илимий жаңалығы.** Президентимиз И.А.Каримовтың «Тарихий хотирасиз келажак йўқ» атамасындағы мийнетинде илимпазлардың алдына көплеген маселени жүклейди. Тийкарынан бизлердиң түсинигимизше өз тарийхын үйрениў, ондағы пикирлерди келешек тарбиясына жумсаў керек деп түсинемиз. Сонлықтанда бизлер қарақалпақ бақсыларының педагогикалық көз-қарасларын жанаша көз-қараста изертлеў,

Ғәрезсизлик идеясы тийкарында қайта қарапшығыўы менен әҳмийетли болып есапланады.

**Изертлеўдин методлары:** Педагогикалық анализ, бақлаў, анкета, сораў-жуўап, сәўбетлесиў, педагогикалық экспperемент.

**Изертлеўдиң методологиялық тийкарлары** Өзбекстан Республикасының конституциясы, Өзбекстан Республикасының «Тәлим ҳаққындағы» нызамы, «Кадрлар таярлаўдың миллий дәстури», Миллий ғәрезсизлик идеялогиясы: тийкарғы түсиниклери, Өзбекстан Республикасы президенти И.А.Каримовтың шығармалары ҳәм шығып сойлеўлери баян етилген темаға байланыслы пикирлер, сондай-ақ педагог алымлардың, музыка илимин изертлеўшилердиң адеплилик эстетикасы ҳаққындағы көз-қараслары, музыка арқалы жасларды адеплилик эстетикасына тәрбиялаўдың теориялық жақтан көз-қараслар, илимий-педагогикалық дереклер.

Өзбекстанның келешеги болған жас әўладларымыздың талантын ҳәр тареплеме раўажландырыў ҳәм мәдений дәрежесин арттырыў, жасларымыздың миллий және дүнья жүзлик музыканың сүўретлеў көркем өнериниң жоқары үлгилери менен кең танысыўы ушын зәрүр шараятлар жаратыў, басланғыш музыкалық билимлендириў системасын туп тийкарынан жетилистириў, балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеплерин раўажландырыў, және олардың заманагөй материаллық техникалық базасын қәлиплестириў, оларды музыка мәденияты ҳәм көркем-өнер саласындағы жоқары маман педагог кадрлар және қәнигелер менен тәмийнлеў мақсетинде «Балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеплериниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў және олардың жумысын буннан былайда жақсылаў бойынша 2009-2014-жылларға мөлшерленген мәмлекетлик бағдарлама» ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарары киритилди. (Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов. Ташкент қаласы 2008-жыл 8-июль)

Изертлеўдиң әмелий әҳмийети. Бул магистрлик диссертациядағы билдирилген илимий пикирлер Қаракалпакстанның билимлендириў тараўына, тәрбия орынларына өз тәсирин тийгизеди деп ойлаймыз. Педагогиканың ең бир машқалалы тәреплериниң бирин шешеди деп түсинемиз. Бул материаллар ҳәм илимий көз караслар улыўма билим беретуғын орта мектеплерде, музыка мектеплеринде, колледжлерде, жоқары оқыў орынлары Нөкис Мәмлекетлик Педагогикалық Институты, Қарақалпақ Мәмлекетлик Университетиниң музыка бөлимлери ушын лекция текстлери сыпатында пайдаланыўға болады деп ойлаймыз.

**Натийжелердиң апрабациясы**. Диссертация 2012-жылы Музыкалық тәлим кафедрасының май айының № протоколы менен талықлаўынан өткен.

## 1.Бап. Қарақалпақ бақсыларының тарийхый дереклери

### 1.1. Қарақалпақ бақсылары тарийхына қысқаша анализ жасаў

Қарақалпақ халқын аңлатыўшы, миллий намаларына, миллий усылына салып атқарылатуғын көплеген тәрбиялық әҳмийетке ийе ақыл-нәсият қосықлар, терме-толғаўлар, дәстанларымыз бар. Бул қосықлар терме-толғаўлардың айрым қатарлары, халқымыздың нақыллар орнынада пайдаланып айтылып киятыр. Халықты жақсы турмысқа алып шығатуғын, ерликке искерлик пенен мәртликке, дослыққа шақырыўшыда ақыл-нәсият қосықлар.

Тәлим тәрбиялық әҳмийетине нәзер салсақ, қосықлардың өтмиштен усы дәўирге намалары менен халық аўзында сақланып келиўинде. «Халықты тәрези»-деп бийкарға айтылмаса керек. Тек ғана пайдалы, ел ийгилигине дурыс жуўап беретуғын, инсан санасына иркинишсиз қәсийетлилиги менен жетип баратуғын пазыйлетли нәрселерди халық қабыл алып ҳәм удайы

сақлайды. Ақыл-нәсият қосықлардың жасларымыз тәрбиясына терең тәсир етеди. Бул нәсият сөзлердиң тийкарғы орайы халық болып есапланады.

Булай деўимниң себеби нақылда-ақылда халық мүлки десем алжаспаған боларман. Халықтың өтмишинен келип шыққан ҳалда нақыл, ақыл сөзлер, нәсиятлар пайда болады. Шайырларымыз халық данышпанлығына сүйенген ҳалда қосықлар дөретеди-деп ойлайман. Нәсият қосықлар жазып, турмысты сүўретлеген, елин мақтаныш еткен, халқымыздың мақтанышы Бердақ, Әжинияз, Күнхожа, Өтеш ҳ.т.б. көплеген шайырлары бар. Бул шайырларымыздың нәсият қосықлары қарақалпақ халық намалары менен суўғарылып, халқымыз арасында бақсылар, жыраўлар тәрепинен айтылып киятыр.

Миллий музыкамыздың қүдиретлилиги сонда, шайыр қосықларын нама менен халықтың жүрегине тез елтип жеткериўинде. Егер намасыз айтылса ямаса оқылса, онда да тыңланып халық рәҳәтленеди, ал нама сол шығарылған қосыққа егиздиң сыңарындай болып жантасады. Бул усылда шайырлар қосықлары узақ сақланып ҳәм тез таралады. Тыңлаўшылар рәҳәтленип сөзине ҳәм намасына итибар берип тыңлайды ҳәм қандайда нәсият қосықлардан үлги алады. Мәселен Бердақ шайырдың «Халық ушын» қосығынды:

Жигит болсаң, арыслaндай туўылған,
Хызмет еткил удайына халық ушын,
Жигит болсаң арыслaндай туўылған,
Ҳеш қашанда жумыс етпес өзи ушын

Соныңдайлар хызмет етер халық ушын -деп келтиреди. Бул жерде Бердақ шайыр адамның мақсети ҳаққында сөз етеди, адам билимли болып халыққа ҳадал хызмет етиў кереклигин нәсиятлайды. Бул қосықты ҳәзирги дәўиримизде қарақалпақ халық намасы «хожа бала» намасына салынып бақсыларымыз айтып киятыр.

Тийкарында Бердақ шайыр болып ғана қоймастан бақсы да болғанлығын тарийх айқын айтып бере алады. Шайыр қосықларын халық намаларына салып өзи атқарғанлығын ҳеш кимсе бийкарлай алмайды.

Бердақ шайырдың нәсият қосықларынан «Жақсырақ», «Балам», «Бүлбил», «Маған бер» ҳәм батырлыққа тәрбиялаўшы «Амангеди», «Ерназар бий», «Ақмақ патша» ири көлемли шығармалары жасларға сабақ бола алады. Мәселен: «Жақсырақ» қосығында

Жумыс исле туўылған соң ел ушын,
Жаныңды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамған туўған жер ушын,
Өлип кеткениңше хызмет жақсырақ-деп келтирген.

Бул қосығында белгили бир кәсипти ийелеп, Ана Ўатан, халық ушын хызмет етиў кереклигин нәсиятлайды, ақыл береди. Халық арасында Қарақалпақтың «Дәрдиңнен» намасы менен айтылып киятыр. Бул намада тыңлаўшыны ериксиз өзине тартады, ойландырады, ақылландырады.

Ақыл-нәсият қосықлар даналықлардан жаслардың ой-өрисин ҳадал пәк инсаныйлықларға саналы етип тәрбиялаўға тийкар бола алады. Әжинияз шайырымыздың «Болмаса» қосығына нәзер таслайық.

«Яранлар бир сөзди айтайын сизге,
Йигит гезә билмәс йошы болмаса
Ақыл болсаң пәҳим әйле бул сөзге
Неге гезсин кеўил хошы болмаса»

Шайырдың бул нәсият қосығында өмирге қәдем қойып, «турмыс»-деп аталмыш дәрбентке түсер ҳәр бир инсанға тийисли, десем алжаспаған боламыз. Соныда айтып өтиўимиз керек, бул қосық қатарлары түркмен шайыры Мақтумқулыға да тийисли. Аз ғана өзгешелиги бар. Бизиң әдебият тарийхшыларымыз Әжинияз шайырды өз заманының дилмашы-деп те түсиндирген. Бул түсиниктен басқа да сыр болыўы мүмкин.

Мақтумқулының қосығын қарақалпақшаға аўдарғанда да соңында Әжинияз өзиниң атын келтирмеген болар еди. Бул қосық еки шайыр топламларында да бар. Әжинияздың елин тәрийплеген «Еллерим барды» қосығында халқымыздың тәбиятын, байлығын, дәстүрлерин мақтаныш еткен. Бул қосықтың тәрбиялық әҳмийети сонда ҳәр ким өзи жасап турған ана ўатанын, миллий дәстүрин билиўи кереклигин, мақтаныш етип бәрҳә улығлаў кереклигин айтып турғандай сезиледи. Бул қосық «Гөр қыз» намасына салынып айтылып киятыр.

Нама еситилиўден ҳәммени өзине бирден тарта алады ҳәм тыңлаўға инсанды ериксиз бойсындырады. Жоқарыда сөз етип өткен Түркмен шайыры Мақтумқулы қосықлары бақсыларымыз репетуарынан жүдә кең орын алған.

Мақтумқулы шайыр қосықларын намаға салып, өзбеклерде, қарақалпақларда айтып киятыр. Шайыр қосықлары дерлик ақыл-нәсият. Қайсы халық өз тилине аўдарып алсада миллий намаларына салып атқарып атырғанлығы ҳәммеге белгили.

Мәселен «Сәўдигим» намасына салынып бақсылар тәрепинен атқарылып киятырған «Әйлер» қосығында...

Ақыл болсаң яқшы билән ҳәмдәм бол,
Ақмақ өзин надан менен яр әйлер
Шын ашықлар назлы ярдың жамалын
Кеше күндиз бир көрсем-деп зар әйлер-деп келтиреди.

Қосықтың мазмуны турысы менен нәсият екенлиги, ол сөзлерди жаны бар тири нәрседей музыканың жәриялаўы, әлбетте ҳәр бир тыңлаўшыны өзине қаратады. Және «Беглер» намасына салынып атқарылып киятырған «Тон болса» деген қосығында...

Тән жаппаға көйлек излер жалаңаш
Көйлек тапса айтар енди тон болса,
Ҳақтан бес пул тилеп жүрген қарны аш,
Бесин тапса айтар енди он болса.

Бул нәсиятында инсанлардың қәнәәтшил болыўына, маңлай терлетип ҳадал мийнет ислеп, рәҳәтин көриўге шақырады.

Матымқулы нәсият қосықларынан «Миймандур», «Сени», «Не билсин», «Болмас», «Ишинде» ҳ.т.б. қосықларын мысал етип келтириўге болады. Бул қосықлар қарақалпақ тилине аўдарылып халық намаларына салынып бақсылар тәрепинен айтылып киятыр. Матымқулының нәсият-ақыл қосықларын тыңламайтуғын адамның өзи жоқ болса керек мениңше.

Көпшиликке белгили Күнхожа шайырдың қосықларында инсан тәрбиясына тәсирли «Ел менен» қосығында...

Аспанға ушарсаң болса қанатың,
Шад боларсаң шадлы болса елатың,
Халқың менен болса мақсет мурадың
Удайына бирге болсаң ел менен

Бул наманы «Жети асырым» намасына салып бақсылар айтып киятыр. Қосықтың мазмунында ел менен бәрҳә бирликте болыўға, ўатанды асырап, оны мәңги сүйиўге, ел менен ойласықлы болыўға нәсиятлайды.

Буннан басқа «Бес перде» намасына салынып атқарылып киятырған «Неге керек» қосығында,

«Сайраған бүлбил болмаса,
Иши ҳаўазға толмаса,
Ўақтында жайнап турмаса,-деп жазады.

Бул қосықта халық қосығы, халық намасына айналып кеткендей. Елимизде көпшилик дерлик биледи. Бул нәсият қосықларды көпшиликтиң арасынан жетилисип, сол заман менен де, халық пенен де бирге жасаған уллы инсанларымыздың, келешек әўладқа айтып кеткен нәсиятлары деп билемиз.

Бундай бақсышылық жолларындағы нәсият қосықлар жыраў толғаўларында, термелирдеде айтылады.

Нәсият қосықлардың ҳәр бир пикири, түсиниги менен ақыллы, ҳәр қайсысы өз алдына теңи тайы жоқ бир дүнья десе алжаспаған боларман.

Мәселен толғаў. Бул узақ әсирлерден бери киятырған халықтың миллий мийрасы.

Толғаў деп бир қатар жупласқан уйқасқа афоризмлерден ямаса нақыл, мақаллардан куралған қысқа жырларды айтады. Толғаўлардың мазмунына, түрлерине қарағанда еки түрли болады. Бириншиси нақыл-мақаллардың тийкарында өсип шыққан үгит-нәсиятты билдиретуғын қысқа жырлар. Бунын шығысы нақыл-мақаллар менен байланыслы ҳәм солардың жыйынтығынан болғанлықтан терме дейди.

Терме-толғаўлар мәниси ашық түсиникли сөзлер арқалы мораль жөнинде, адамның минез-қулқы, дүнья, тәбият қубылыслары ҳәм социал қатнаслар туўралы нәсиҳат ақыл береди.

Бул терме-толғаўларда бир темаға бағышланған болады. Мәселен «Жигирмса бесте», «Замана», «Ноғайлы» ҳ.т.б. Елимизде атақлы жыраўлардың барлығы дәстанға түсер алдында, ямаса жыраў тыңлаўға ҳәмме толық келип боламан дегенше терме-толғаўлар айтып отыратуғын болған. Термелерден мысал келтирсем.

Бәрин айтта бирин айт,
Қарағай найза өңгерип
Қалың елди шубыртып,
Баслап жүрген ерди айт.

Бул термеде батырлыққа, еркинликке, жасларды ўатанына садықлыққа шақырса, ал екинши термеде

Бир дегенде не жаман,
Билимсиз өскен ул жаман,
Екиншиден не жаман,
Елеўсиз өскен қыз жаман-деп жырланады.

Бул термеде ўақтында билим алып, ата-ананы тыңлап, бир сөзли болыўға, жаман иллетлерден сақланыўға нәсият берип турғандай сезилерлиги анық. Тийкарында да нәсият терме ақыл бериўши болып табылады.

Термелерде халық даналығында қалған ҳәр қандай сөз тиркеслерин дәуир ўақыялары менен байланыстырады. Толғаў, терме ырғағы 7-8 буўыннан аспай, қобыз намаларына бойсындырылған болып келеди.

Жақсының барсаң қасына
«Бери кел» деп шақырар,
Батыр болар кисини
Мүшесинен танырсаң

Бул мысал ретинде келтирип өткен үзиндилер терме толғаўлар. Бул терме-толғаўлардың барлығыда нәсияттан ибарат. Бул термелерди еситкен ҳәр бир инсан кеўил бөлмей өтип кете аламслығы бәршеге аян. Бул термелерди әлбетте жыраўлар айтады. Бақсылар сыңары термелердиң де өзине жараса намалары бар.

Сол намалар менен термедеги нәсият сөзлер ҳәр бир инсан қәлбине тез жетип, санасын раўажландырып барады.

Термелердиң екинши бөлеги тарийхый ўақыяларды сүўретлеўден ибарат. Бул бөлиминде елдиң ишинен шыққан батырларын улығлап терме толғаўлар менен жыраўларымыз жырлайды. Халыққа жәриялап барады. Жыраў, бақсыларымыз соның ушында ел ишинде жүдә сыйлы, үлкен ҳүрметке ийе болған. Бул тек ғана саз шертип ямаса жағымлы ырғақларының күши менен емес, ақыл-нәсият сөзлер қосықлары менен, батырларын, халықтың әрманларын толғап ямаса айтыўында ямаса нәсият айтып жибер, ямаса «бақсы айттырды», «жыраў жырлатты» деген сөзлер халық сөзлери. Ақыл нәсият толғаў қосықлар қай заманда жасамасын ол жоғалмайды, умытылмайды.

Батырлық дәстанлар деп «Қоблан», «Алпамыс», «Едиге», «Қырық қыз», ҳ.т.б. дәстанларды айтамыз. Бул дәстанның ўақыясы, мазмуны халықтың арзыў-әрманларынан тикленген ҳәм буны халық тән алған. Бул дәстанлар келешек әўладларды ер жүрек, билимли, өнерли, ўатанын сүйиўшиликке тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Себеби дәстан мазмунында елдиң жаўын қырып ямаса достын қутқарыў жағдайлар сөз етиледи. Бул ўақыяларды жыраў өзиниң жағымлы даўысы менен жырлап, халықты силтидей тындыра алған ҳәм халық сүйсине тыңлаған. Қаҳарманлық дәстанлардың халыққа тәсирин бир ғана мысалдан билиўге болады. Мәселен туўылған балларын дәстандағы бас қаҳарманның атын үлкен үмит пенен қойыўы.

Қаҳарманлық дәстанда жоқарыда айтып өткенимдей тийкарынан ерликке, батырлыққа шарықлайды. Мәселен «Едиге» дәстанын алып қарайық. Едиге дәстанында ўатан, туўылған жерге сүйиўшилик ерликлер жүрек толғанныслары менен бериледи. Мысалы.

Есиктиң алды бай терек,
Ол не болар Хожамжан,
Есиктиң алды шоқ қамыс,
Бул не болар Хожамжан?

-деген жумбақ сораўларға Едигени тәрийплеп жуўап бериўлери...

Есиктиң алды бай терек
Едиге батыр болмасын
Есиктиң алды шоқ қамыс -деп келтирген.

Бунда Едигениң батырлығы, душпанларының сетем алып қорқыўлары сөз етилсе

Атам күйеў болған жер
Енем келин болған жер
Ийилип сәлем берген жер
Сазандайын тиресип- деген қатарларында жоқарыда айтып өткенимиздей Ўатанға туўылған жерге сүйиўшилик жүдә шеберлик пенен жағымлы намаларда сүўретленген. Бул толғаўда адам баласы туўылып өскен жеринен айрылса жетим, ал өсирген азаматынан айрылса ел жетим екенлигин айқын көрсетеди.

Едиге дәстанында ата-ана ушын, перзент сағынышы, перзент ушын ата-ана қәдири, адамның-адамға қәдир-қымбаты, жасы үлкен уламаларға ҳүрмет, дос қәдири жырланады.

Едиге дәстанын халық сүйип тыңлаўының себеби дәстанда батырлық пенен қоса халықтың философиясы, арзыў әрман ойлары, үрип әдети, халқымыздың терме толғаўлары, нақыл мақаллары толық ҳәм ықшамлы пайдаланылған халықлық дәстан.

Алпамыс дәстаны да Едиге дәстанындай батырлық ямаса қаҳарманлық дәстан болып есапланады. Дәстанда Алпамыстың Қаражан менен ушырасыўы, алысып, айтысыў ҳәм жеңиси, көп қыйншылықты басынан кеширип мақсетине жетисиўи, тыңлаўшыда сабырлылық, батырлық, ар-намыслы, туўып өскен жерин ҳүрметлеп, елин улуғлаўға терең ой қалдырады. Қарақалпақ халқының батырлық ҳаққындағы қайсы дәстаны болса да жоқарыда келтирилип өткен сезимлерди оятып, ҳәм беккемлестиреди деп толық исеним менен айта аламан. Себеби дәстанлар халықтың ғәзийнеси, миллий байлығы. Инсанның өсип-өниўи өмирдеги гә аўыр, гә туңғыйық ушырасатуғын қандай да тәшўишке жеңилмесликке, дослыққа, ең баслы мәселе ер азаматлылық пенен сабырлылыққа сана сезимди шарықлайды.

## 1.2.Әжинияздың устазлық хызмети ҳәм педагогикалық көз карaслары

XIX әсирдеги қарақалпақ халқының атақлы шайыр – ойшылы пүткил Орта Азияға көркем саз шеберлиги менен мәлим болған, патриотлық, гуманистлик идеялары, мәденияты ҳәм оқымыслылығы менен айрықша көзге түскен Әжинияз Қосыбай улы - қарақалпақ әдебияты ҳәм жәмийетлик философиялық ҳәм педагогикалық ой-пикирлери тарыйхында үлкен тулға. Оның творчествосы халқымыздың прогрессив көз карасларының раўажланыўында ағартыўшылық идеяларын жетилистириўи менен

әхмийетли орын тутады. Оның қалдырған мийрасларында XIX әсирдеги қарақалпақлардың ғана емес, ал путкил Орта Азия халықларының жәмийетлик түсиниклерин жетилистириуге үлес қосқан алдыңғы ой-пикирлер бар.

Әжинияз Қосыбай улы (1824-1883). Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр жеринде қоныс басқан орта дийхан хожалығында туўылды. Анасы Нәзийра менен әкеси Қосыбай дәўириниң алдыңғы қатарлы адамлары еди. Болажақ шайыр дәслеп баслаўыш мағлыўмат беретуғын диний мектепте оқый баслады. Анасы қайтыс болғаннан кейин заманының жетик саўатлыларының бири, туўысқан дайысы, Бухара медресесин тамамлаған Елмурат ахун оны шәкиртликке алып, өз мектебинде тәрбиялаўға кириседи. Зейини өткир Әжиниязға ол ислам дини қағыйдаларын үйретип шекленбестен, ҳәр қыйлы илимлер тараўындағы жетискенликлерди де таныстырған. Нәтийжеде болажақ шайыр әйиемги грек мәденияты, шығыс халықларының тиллери, философиясы, әдебиятлары бойынша әдеўир тыянақлы билим алып шыққан. Дин қағыйдаларын үйретиўши сабақлар менен қатар оны дүнья сырларын ашқан алымлар, зулымлық, әдилсизликтиң ҳақыйқат себеплерин әшкаралаўшы шайыр-ойшыллар да қызықтырды. Шығыс әдебиятлары классиклери Әжинияздың бойына питкен шайырлық талантты оятты.

Шайыр билимге қоныға түсинесе басланғанда Елмурат ахун дүньядан өтеди. Устазын жойтқанына жүдә қайғырған Әжинияз «Рәхбарим ҳәмдам болып журмеге күнлер бар мекен» дейди ҳәм өзиниң билимге мүтәж екенин билдиреди. Жаслайынан өз талантын көпшиликке сездире баслаған Әжинияздың бул нийетин қуўатлап, елдеги алдыңғы қатар пикирдеги адамлар оның Хийўадағы Мақтымқулы тәлим алған шеразы хан медиресесине оқыўы ушын ғәрежет жыйнап береди. Ол Харезмде оқыған (1840-1844) жыллар ишинде ондағы аййемги материаллық және руўхый байлықлар менен танысып, Наўайы, Фердаўсий, Бедил, Фезули, Саадий, Нызамый, Мактумкулы сыяқлы данышпан ойшылардың илимий-поэтикалық мийрасларын үйренеди: Мунистиң «Рисолан савод» («саўат ашыў») атлы

педагогикалық шығармасын ҳәм Агахийдың китапларын оқый баслайды. Жас шайырдың өзиде қосық жазыўға әдеўир үйренеди. Оның «Истихомат қилдим Шерғазиханда» қосығы сол жыллары дөретилген. Әсиресе, медреседе қатар оқыған Хорезм шайыры молла Палўан мырза басы Камил Хоразмий менен шайырлық айтысқа түсиўи Әжинияздың жаңа ҳәўиж алып киятырған поэтикалық творчествосында, әдебий эстетикалық көз-қарасында үлкен ўақыя болды.

Әжинияз медресени тамамлап ахун лаўазымын алғаннан соң аўылына келип Әмиўдәрьяның қуяр жеринде мектеп ашып оқытыўшылықты кәсип етеди халық ишинде бақсылық, қысса оқыў менен шуғылланады. Өзиниң мазмунлы қосықларын дөретиўди жийелетеди.

Оқымыслы жас шайыр айрым дүньяпараз диншиллерге унамады. Оның қүдиретли сөзлери оларды тәшўишке салды. Ақыбетинде елдеги иши қара, бақыл адамлар Әжиниязды ақсатыўды ойлап, оған «адам өлтирдиң» деп духмет салған. Душпанларының қысқысына шыдамай Әжинияз (1845-1846 жыллары) жесирин излеп қазақ журтына шығып кетеди. Усы журисте ол қазақ халқының жәмийетлик турмысы менен танысты. Исатай сыяклы халық батырларының ислери менен қызыксынды. Күнхожаның досты Шернияз Жарылғас улы менен досласып биргеликте ел аралап өнер көрсетти.

Әжинияздың бай, поэтикалық творчествосының терең демократиялық ҳәм патриотлық идеяларды айрықша қамтыўына 1858-1859 жылғы Қоңырат халқының Хийўа ханына қарсы азатлық көтерилиси үлкен рол ойнайды. Бунда мийнеткешлер массасының феодаллық езиўге наразылығы, Россияға қосылыўға тәриптарлығы тағыда айқын көринды. Шайыр Усы көтерилистиң идеялоги, басшыларының бири еди. Көтерилис бастырылғаннан кейин Әжинияз Феодаллар тәрепинен Қыўдалаўға ушрап, нәтийжеде үшинши рет-Қазақстанға бас алып кетеди ҳәм 1863-1864 жыллар даўамында Орта, Уллы, Киши жузлерде болады. Торғай сорамындағы мырза Кожбанның аўылында мектеп ашады. Хақыйқатында да «оның көп өмири Қазақстанда бала оқытыў менен өткен»[q]. «Қазақтың қырын, Сырын-бәрин гезген» (Шернияз ахунның

сөзи) Әжинияздың творчествосында қазақ ақыны Қыз Меңеш пенен айтысыўы үлкен из қалдырды. Айтыс 1878 жылы «Түркстан ўалаяты газетасының» № 11 ҳәм №12 санларында басылып шықты. Шайыр Оренбург руслары, башқуртлар ҳәм Қазан татарлары арасында болды. Сондай-ақ Хорезм, Бухара, Туүркстанды көриўи ҳәм Едил Жайық бойларын аралап қайтыўлары оның дүньяға көр-қарасын, жәмийетлик педигогикалық түсиниклерин тағы да кеңейтти. Әсиресе 1873 жылы қарақалпақ халқының Россия колониясына айландырылыўы Әжинияздың пикирлеў дүньясындағы айрықша басқыш болып табылады. Буннан соң ол он жыл даўамында қосықлар дөретип өмир сүрген.

Усындай социаллық-экономикалық ўақиялардың тәсири Қосыбай улының дүньяға көз-қарасын, жәмийетлик ойларын ағартыўшылық пикирлерин байытты.

## 1.3.Әжинияздың әдеп-икрамлылық ҳаққындағы ой-пикирлери

Адамларда әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў арқалы жәмийетти жақсы спатларға бай етиўди ойлаған. Әжинияз халықтың келешеги-балалар тәғдирине айрықша итибар бөледи. Оның пикирнше ҳәр бир ата-ана перзентин «Көңлимниң қуўанышы, жигери бәндим»[1], деп қәстерлеў керек. «Болурма» қосығында. «Уғли-қызы болып йәнә бай болса, яланчи дүньяда әрман болурмы»[2]-деп семия ҳаққындағы өз идеялын билдирсе, ал «Ҳәр ким» қосығында «Жигит қыздың парқы барабар болар»[22]-деп екеўин де хожалықтағы теңдей перзент санап, жәмийетте ҳаял-қызлар проблемасынның: әсиресе қызлар тәрбиясының дурыс қойылыўын да нәзерде тутады. «Адам улы бәри-адам».

Бала туўылғанда арнаўлы тәрбияға зәриў болып туўылады, перзенттиң ақыллы, өнерли яки уқыпсыз болыўын тәрбия айқынлайды. Адамлардың

---

[1] ! ж и н и я з. Та4ламалы шы2армалары Н. «№ара3алпа3стан» баспасы qout. quq-бет

[2] Сонда qee-бет

алған тәрбиясы ҳәм биологиялық раўажланыўлары. бир қыйлы болмағанлықтан олардың ақыл-ҳуўшы, минез-қулқы тең емес. Бул пикирин баянлаў мақсетинде шайыр «Бәрше бирдей болған емес» атлы арнаўлы қосық та жазды.

Шайыр тәрбия. процесиниң адам тәғдиринде шешиўши хызмет атқаратуғынына итибар берип баланы қалай тәрбияласаң, солай өсетуғынын ескертеди ҳәм оны әзелден әдеплиликке үйретиў керек дейди, себеби-әўелде оңбаған ақырда-оңбас[3]. Жаслықта берилген жаман тәрбия үлкейгенде тийкарғы минезге айланып кетеди. Ақыбетинде жәмийеттиң бундай ағзасы «Ҳаслы бузық сөзге ермес, нәсиятқа кеўил бермес» болып шығатуғынын айтады. Соның ушын да Әжинияз «Көрдим» қосығында жасларда унамсыз минез-қулықты болдырмаўдың дәслепки шараларын ислеўди, адамлардың бир-бирине тәрбиялық тәсир тийгизиўи зәрүрлигин де ортаға қояды. Әсиресе сол дәўирде инсанның жақсы, жаман, ақыллы, өнермент болыўын нәсилине, ата-тегине байланыстырыўшылық күшли еди. Шайырдың «Болмағанша» қосығында буныңдай тәлийматлардың тәсири байқалады. Деген менен Әжинияз «Бозатаў» поэмасында адамлардағы «ақ сүйек», «қул», «күң» деген түсиниклердиң келип шығыў себеплерин пайда етип турған адамлардың нәсили емес, ал жәмийетлик-экономикалық жағдай еллер арасындағы урыс, басып алыўшылықлар деген пикирге келди. Буннан тысқары «Йоқты» қосығында әкедеги нәсил жақсы болып, бирақ бала дурыс тәрбияланбаса, ақыбети төмендегише болатуғынын шайыр ескертип өтеди:

Яман болса зүриядың
Шықмас дүньяда ҳеш адың.

Шайыр тәрбия исинде субъект жасаған, орталықтың тәсирине үлкен әҳмийет берди. Буның ушын жаслардың биринши тәрбия орталығы семьяның күтә жақсы, татыў болыўын талап етеди. «Йигитлер» қосығында семьядағы ата-аналардың өзлери әдеп-икрамсыз, бирин-бири ҳүрметлемесе

---

[3] Ә ж и н и я з. Танламалы шы2армалары. Нөкис, ##МБ, qoy0. q0u-бет

буның өнип-өсип киятырған перзентке унамсыз тәсири күшли екенин түсиндирген. «Бахыт» қосығында бала турпайы, адамгершилиги жоқ, қәсийети кем адамлар арасында жасаса оған халық унатқан минез-қулықты, әдетти қәлиплестириў қыйынласатуғынын айтқан, «Еллерим барды», «Керекти» қосықларында базы бир патшалардың өз әўладын қара-пуқара халыққа менсинбей қараўға, оларды өзлеринен пәс санаўға үйретип келгенин ҳәм өз заманында да айырым шахзадалар менен бәйбетшелерге усындай тәлим-тәрбия бериў даўам етип атырғанын баянлап, жәмийетте тәрбияның гейпара семьялық өзгешеликлери бар екенлигин сезгенлигин билдирди.

Сондай-ақ ағартыўшы турмыста гейпара адамлардың иши қаралық пенен алып барған үгитлерине ерип, жаман тәрбия тәсиринде қалыўшылығын да байқады. Өз идеясының күшине исенген шайыр оларды да үгит-нәсият, қәтесин түсиндириў арқалы ҳәм жақсыларды өрнек етип көрсетиў жолы менен қайта тәрбиялаўға болады деп ойлады. Соңлықтан «Елмуратқа», «Яранлар», «Қораз кемпирге», «Айзадаға» ҳ. т. б. қосықларында адамдағы кемшиликти дәлкек сыпатында айтып-түсиндириў усылынан пайдаланады. Усындай пикирлерин раўажландырып Әжинияз: «Керекти», «Бардур», «Болмаса» қосықларында ҳәтте зулым адамларды да адамгершиликли болыўға, зулымлықты қойыўға шақырып, халық дийдинен тысқары қәлиплескен адамларды да қайта тәрбиялаў нәтийжесинде жақсылар қатарына қосыў мүмкин деп ойлад.

## 1.4.Әжинияздың устазлық жолларын үйрениў

Әжинияз устазлықты өзине кәсип еткен, мектеп ашып халықты билимлендириў исине жақыннан араласқан мүдәрис еди. Усы себепли жасларды ақыллы, билимли болыўға шақырып, оқыў, илим темасына бағышлап көп қосықлар жазды. Шайырдың пикиринше, жаслар балалық дәўирден-ақ ақыл топлаўға умтылса келешекте жақсы адам болып қәлиплеседи, олардың унамлы жүрис-турысы ата-анасының ел-журт

алдындағы абыройын асырады, турмысын қуўанышқа бөлейди. «Ал ахмақ болса туўған балаң, өмириң зимистанға мегзер»[1]- деп, перзентти ақыл-если етип тәрбиялаў биринши гезекте ата-ананың жуўапкерли иси деп қараған. Әжинияздың түсинигинше жаслайынан ақыл алыўға тәрбиялан-ған адам соңғылығында исти ойланып ислейтуғын, парасатлы болады; әсиресе билими арқасында көпшилик мәселени дурыс шешетуғын, көрегенликке жетиседи. Сонлықтан шайыр «Жақсы» қосығында: «-Жол билмесең, жол сораңыз билгеннен»-деп, көпти көрген тәжирийбеси мол адамлардың жасларға ақыл үйретиўде хызмети үлкен екенин айтады. Себеби «ақылы жетилискен яқшының бир сөзи мағбут тажы». Ағартыўшы шайыр адамлардың күнделикли турмысында өнер-билиминиң оғада зәрүр екенлигин, қыйыншылықларды жеңиўдеги әҳмийети уллылығын айтты, ҳәм гейпаралардың буған итибарсыз қарайтуғынына ашынды. Сонлықтан: «Ҳеш ким аяп нәзер салмас, өнер-билим бағқа мегзер»[2]-деп оның миййалы бағ сыяқлы жемисли екенин жасларға түсиндириўди мақсет етти. Сондай-ақ Әжинияз оқыў, билим, илим жетискенликлериниң халық ушын оғада керекли екенин тәсиршең түсиндирип жеткериў нийетинде «Йүрсең» қосығында инсанның билимли, оқымыслы болыўын, жаратқан алланың парыз еткен буйрығы деп тәрийплеген:

Ҳақтың ҳәмрини тутпайын,
Өз- кәсибинен пәк қылмайын,
Илими тәўсипти сермейин
Мен ҳәм кулман дия йүрсең[3].

Шайыр бул қосығында құдайды айтып, дүньяға көз-қарасындағы треологиялық түсиниклерин баянлады ҳәм «құдайдың қулыман» деген ҳәр бир бенде ақыллы адам болыўы ушын илимлерди өзлестириўи керек деген

---

[1] Ә ж и н и я з, Та4ламалы шы2армалары, Н., «Қарақалпақстан» баспасы, qout, uw-бет
[2] ! ж и н и я з . Та4ламалы шы2армалары, Н5кис, ##МБ, qoy0. ty-бет.
[3] Ж. У р у м б а е в. Революциядан бурын2ы 3ара3алпа3 территориясында2ы билимлендири7 ислерини4 81м мектеплерини4 3ыс3аша тарийхы 8а33ында. Н5кис, ##МБ, qoyr. qy-бет.

баҳалы пикирдиң ийеси болыўға ерискен. Әжинияз мектеп-медресениң хызмети менен ўазыйпасын айрықша баҳалады. Оқыў орнын жас өспиримлерди улама, ахун, билимли етип шығарыўшы устахана деп есаплаған ағартыўшы Хийўа медресесин тамамлап келиўден, өз аўылында мектеп ашып, устазлық етти. Бул кәсибинде жасларға түрли илимлерден түсиник, бериўге тырысып, ҳәр қыйлы қыйыншылықларға дуўшакерлесиўине қарамастан, «илимни айтди ҳәрйәнә». Оның түсинигинше, ҳәр бир устаз өзиндеги бар билимди халықтың ийгилигине шәкиртлерине үйретиўи лазым: «Молла болсаң зая қылма илимиңни». Шайыр устазларды елди саўатлы ететуғын ағартыў хызметкерлери деп есаплады. Егер билим бериўши бундай адамлар жетиспесе, ямаса мектеп тәлим-тәрбия исин жүргизиўши мудәриссиз қалса-бул ең қыйын жағдай. «Көринди» қосығында мектеплердиң устазсыз қалыўына шайырдың жүдә ашынғанын мына қатарлардан сезиўге болады:

Мудариссиз урпағларым,
Билимсиз көринди, көринди.

Әжинияз билим алыў мақсетинде жаслардың көпшилик ўақтын мектепте өткерип, шынығыўлар ислеўин, еринбеўин, илим жолындағы қыйыншылықларға төзип, үйренгенлерин ўақты-ўақты тәкирарлаўын, түрли китапларды оқып, түсинигин тереңлестириўин, соның менен бирге қудайға қулшылық етиўин де ескертеди. Себеби, шайыр диний илимлер менен тәбияттаныў илимин айырып қарамады, бәрин де илим деп есаплады. «Тут мениң пәндимни, ал, сен мәсжиддин (мектептен-Ө.Ә.) шықмағыл» -деди.

Шайыр «Истихомад қылдым Шерғазыханда» қосығында, медресениң наны ҳақ, қәҳәтли болса да билим үйрениў қуўанышы себепли өткен күнлер қантыў—ҳәселден татлырақ дейди. Әсиресе турмыс қыйыншылығынан айырым адамлардың билим өнерге умтылыўдан гөре күн көриске, тиришилик ғамына түсип кетиўин надурыс деп есаплады. Қандай жағдай болса да дүнья таныўдан, өнер-билим үйрениўден бастартпаў лазым, оқыўға

нийетленген «ҳәр кимлер жетеди мақсед-мурады, дурыс болса ықлас пенен нийети» деди. Әжинияз оқыў-билимге кызларды да араластырыў кереклигин айтты. Ол тәлим алған пайтахт Хийўада оқыўға тартылған қызлар ул балалардан бөлек оқытылатуғын еди. Әжинияз бундай дәстүрлерге қарсы шықты ҳәм өзиниң ашқан мектебинде оларды аралас оқытты. Бул ҳаял-қызлар менен ерлер жәмийетлик турмыста тең етиўге белгили дәрежеде қосылған үлес еди. Ҳақыйқатында «Орта Азиядағы көпшилик басқа халықлардың мектеплеринде қызлар ул балалардан айырып оқытылатуғын болса, ал қарақалпақ мектеплеринде олар бирге оқытылған». Ағартыўшы турмыста ҳаял-қызлардың оқыў-билимге аз тартылып атырғанлығына, ақыбетинде айырымларының наданлықта, адамлар менен сөз таўып сөйлесиўди билмей ер жететуғынына ашынды. Шайырдың пикиринше, қыз жаўанлардың инсаный мәмлени өз орнында ислете алмаўының себеби олардың ҳәр бириниң билим, әдеп-икрамлылықты үйрениўи ушын «Атасы мектепке берген емести». Шайыр тәрепинен бул жерде қызлардың оқыў-билим алыўы ушын ең биринши ата-ананы жуўапкершиликте тутқанлығы сезиледи.

Шайыр қызлардың саўатлы, молла болып жетилисиўине де қызықсынған. Буны «Қәлмен байдың қызы молла Нәбийра»-деп басланатуғын қосығында қызлар ишинен диний ислерди жүргизиўши ҳәм билим үйретиўши, саўатлы адамлардың шыққанлығын басқаларға өрнек еткенинен көремиз.

Сол дәўирдеги мектеплерде балалардың көпшилиги билимсиз қалатуғын еди. Оқыўшылардың айырымлары намазлығын ҳәм мусылман дининиң гейпара қәделерин өзлестирип алғаннан кейин,оқыўды таслап кеткен[rq]. Әжинияз буны оқыў-тәрбияны жүргизиў усылларының жарамсызлығынан деп түсинди.

Усындай аянышлы аўҳалға шыдамаған шайыр балаларға саўат аштырыўдың қолайлы жолларын излестирди. Биринши гезекте жасларға араб ҳәриплерин аңсат өзлестириўге жәрдем бериўди ойластырды. Бул ушын Шығыс әдебиятында кең таралған акростихтен пайдаланып, «Бери кел», «Ай әлип» атлы қосықларындағы қатарларды араб алфавити ҳәриплериниң иретли айтылыўы менен Ә л и п, Б е, Т е, С е, Ж и м т. б. түринде баслайды. Қай сөздиң қандай сестен басланатуғынын, неше ҳәрип бар екенлигин, олардың жайласыў тәртиби, ҳәр бир ҳәриптиң өзине тән жазылыўы менен айырылып туратуғынлығы ҳаққында түсиниклер береди.

Шайырдың үлкедеги оқыў, билим мәселесин жетилистириў ҳаққындағы ойларына Оренбург қаласында, қазақ, татар ҳәм башқурт халықлары арасында болыўы, сондай-ақ рус елатлықларында болып, ол жердеги мектеплерди көриўи, 1874-1878 жыллары ашылған Петро-Александровсктеги рус-тузем мектеплеринен хабардар болыўы үлкен тәсир жасаған. «Саўат аштым субхансыз, қуда деп болдым ғәрип» -«Бахыт» қосығындағы бул ҳәм басқа да қатарлардан Әжинияздың мектепте сесли усыл ямаса соған тәризлес усыллар арқалы оқытыўды жаңаша жүргизгенин шамалаўға болады. Ағартыўшы жазыўды үйретпей, тек ядлатыўшы мектеплердиң саўат бермейтуғынын айтады, ал шәкиртлерин билимли, оқымыслы етиўге умтылмайтуғын устазлар ҳаққында: Аўам яқшы муңдағ молла хожадан, қәлем йонып, язар хаты болмаса дейди. Ески мектептеги устазлар арасында хат жазыўды билмейтуғын, тек оқыўды ғана билетуғын, яғный хаты жоқ «саўатлылар» көп болған еди[4]. Әжинияз усындай устаз-моллалардың наданлығын, олардың миннетли ўазыйпасына немқурайд қарайтуғынын сынап-минеди.

[4] . Н. №аринязов. Совет Узбекстони маданияти тарихидан очерклар. Тошкент, УзССР Фанлар Академияси нашриёти, qoty, tr-бет

Шайыр оқыў ўақтында үйретилетуғын мағлыўматларды адамның тыянақлы ҳәм түсиникли өзлестириўи ушын тәлимниң көрсетпели болыўын мақуллайды. «Базыбиреўлер» атлы қосығында қоршап турған дүньяны билиўде мий ҳәм сезиў ағзаларының әҳмийети туўралы: «Ойы менен ибрат алар, ҳәр нәрсени көзи көрип, -деп жазады.

---

Ол алынған билимниң мийде орнығыўы ушын балаларға үйретилген тәлимди тез-тез тәкирарлатып турыў тәрепдары болды, үйге тапсырманы сорағанда ядлаў түринде емес, ал түсингенин өз сөзи менен айтып бериўди талап еткен. Әсиресе өзи өрнек көрсетип, жасларды жағымлы ҳаўаз бенен көркем әдебий қырәәтке түсирип китап оқыўға қызықсындырған. Оның сабақ өтип атырғандағы сыңғырлаған ҳаўазын аўылдың қыз-келиншеклери суўдан киятырып қапының сыртынан тыңлап туратуғын болған[5]. Себеби, шайыр өз мектебинде диний тәртиплерге итибар берместен, қосық сабағын жүргизген, балаларға жазған қосықларын ҳәм халық намаларын үйретип, эстетикалық тәрбия жумысларында алып барған. Бул XIX әсир ақыры XX әсир басларындағы Орта Азия территориясында қәлиплесип шыққан жаңа оқытыў усылы-жәдитше саўат аштырыў бойынша Әжинияздың излениўлери еди[6].

Әжинияз мектеплер ушын устаз таярлаўға да кеўил бөлген. Оқытыўшылыққа еби бар, билимди жақсы өзлестирген айырым шәкиртлерине тәрбия ислерин жүргизиў тәжирийбелерин үйреткен. Ҳәтте гейпараларын Қазақстанға бала оқытыўға кеткенде (шайыр Торғай сорамындағы Мырза Қожбанның аўылында да балалардың билим алыўы ушын мәўсимлик мектеп ашқан) өзи менен бирге алып жүрип, бир тәрептен оқытыў исине жәрдемши сыпатында пайдаланса, екинши жағынан олардың устазлық

---

5 С.Нийетуллаев. Полевые записи литературоведческой экспедеции по территории Муйнакского района. qotr г. июль (Информатор №утлымуратов Утепберген. u0-лет)

6 %.!ле7ов. XIX 1сир а3ыры XX 1сир басында2ы №ара3алпа3 1дебиятында2ы а2арты7шылы3 пикирлер. Н5кис, «№ара3алпа3стан», qoow. r-бет.

кәсибин жатлықтырыўына ерискен. Мәселен, Меңеш пенен дәслепки ушырасыўында усындай шәкиртлериниң бири қасында бар еди.

Шайыр көп жыллық бала оқытыў тәжирийбелерин топлай отырып, өз заманындағы устаз моллалардың жас өспиримлерди оқыўдан билмегени ушын ҳәм басқа да себеплерге бола паллаққа асып, дүрре урыўын қәтелик, тәрбияны дурыс жүргизе алмаўшылық деп есаплап, дене жазасы баладағы психологиялық азапланыўды туўғызғанын айтып өтеди. Бундай азапты өзиде бастан кеширген еди:

Иймам деген иймансыз

Жыласам урды көрип[7]

Ағартыўшы шайыр оқытыў процессинде «билмеске ыза берип болмаслығын»[го] айтады. Өзи балаларға жыллы сөзли, меҳрибан болды, сабақтан үлгермеген балаға түсиндириў, үйретиў кереклигин ескертти. Оның қосықларынан мектеп жасларға тек хат-саўат, билим берип ғана шекленбей, сондай ақ әдеп-икрамлылыққада тәрбиялайды деген мәнис те келип шығады.

Әжинияздың жасларды әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў ҳаққындағы ойларыда ағартыўшылық көз-қараслары менен байланыслы. Оның түсинигинше адамлардың әдеп-икрамлы, этикалық жақтан жетилисиўи жәмийетлик турмыста олардың бирин-бири езиўине, хорлаўына жол қоймайды. Бул мәселениң усындай социаллық әҳмийетин сезе отырып, шайыр оны ақыл қубылыслары менен тығыз байланыстырады. Ақыл инсанның этикалық түсинигин тәртипке салады. Ақыл-еси бар адам айып ислемейди. Сондай екен: «Айыпты билмәген ақылсыз, зайып» яки ақылы жоқ жаслардың «әдеби әрқәндин ҳеш заты болмас». Шайыр әдепли ҳәм көргенсиз адам арасында нәсиллик айырмашылық жоқ екенин, тек тәрбия менен билим алыўдың басқаша бағдарларда, ҳәр қыйлы дәрежеде болатуғынын айтады. Усыған байланыслы;Пәзийлет билмеген надан Төрт аяқлы малға мегзер Әжинияз жаслардың әдеп-икрамлылығын қәлиплестириўде ата-бабалардың бай

[7] Ө.Әлеуов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи.Н. «Қарақалпақстан». 1993.ж.332.б

тәжирийбелерине, халық педагогикасына сүйениўди қуўатлаған:Бурынғы адамнан қалған ўәсият,

Гөне адамларда бардур қәсийет,

Аларның айтқаны—бәри нәсийҳәт[8]»

Перзент әдеп-икрамлы, унамлы қәсийетлерге тәрбияланбаса, турмыста жек көринишке ушырайды. Ондай жаслар ҳәтте өзин асырап, кәмалға келтирген ата-анасын да ҳүрметлемейди, айтқанына бағынбай, өзлигинше кетеди. Усындайда «балаң тилиңди алмаса, ишиң жанған отқа мегзер».

Шайыр жақсы минез-қулықты сөз еткенде алды менен адамгершиликти тилге алады. Адамлар бир-бириниң қәдирин билиўи өз-ара сыйласықлы,адамгершиликли мәмледе жасаўы керек. Егерде «адам улы адам қәдирин билмесе, оннан дүзде отлап жүрген мал жақсы». Адамгершиликли ис етсең ғана басқалар өзине ҳүрмет көрсетеди, олардың «адамгершилик адамдадур кеўили».

Әжинияз турмыста инсан қәдирин аяқ асты қылатуғын зулымларды көп көрди. Бундайлардың «Адамгерлик ислеринде болмады наму-нышан. Шайыр оларды жийрениш сезими менен тилге алады. «Етпеген қайыр-сақаўат адамгершилик ис емес». Демек, ҳақыйқый инсан өзиниң барлық ақыл-хуўшын адамды ҳүрметлеўге, оған жақсылық ислеўге қаратыўы лазым.

Әжинияз жаслардың өз-ара дослық қатнаста жасаўын әҳмийетли санады, себеби: «Ҳешкимге болмаған үлпет... мийўасыз бир талға мегзер». Турмыста жақсы адамлар менен дослықта өмир сүрсең ғана талабын өрлейди, тек «жақсы достың болар өлгениңше мәдети». Жаслар садық, исенимли, бир-бирине шын берилген болыўы керек. Дос болып досынан гәпин гизнеген, досқа қылап қылып ялған сөйлеген—душпан. Буныңдай, «яман адам достдын қашар, ўаз кешер» ҳәм опасызлық етеди. Сонлықтан да, «йүрме намәрд йолдаш билә». Дос излеген адам «қәдирин билер бир қәдирдан изләсә» ғана жақсы болатуғынын айтып, «нәмәҳрәмди ҳасла жолдас тутпаўды» нәсиятлады.

[8] Ө.Әлеуов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи.Н. «Қарақалпақстан». 1993.ж.333.б

Адамлар арасындағы дослық сезимлериниң беккемлиги, бирлиги, бирликте ис етиўге умтылыўы олардың аўқамласыўын пайда етеди. Дослықтың күшин тәриплеп, ағартыўшы: «Биригип дос болып қолды усласаң, оңғаның ақыл ҳәм ой билен көрдим» —дейди. Усылай етип Әжинияз бахытлы турмысқа ерисиўге, «шадықуррамлықты бәлки көриўге, халық билен ғалаба ғайрат керекти» деп жасларды халықтың дөретиўшилик құдиретине исениўге шақырады.

Әжинияздың жәмәәтлесиў руўхындағы қосық қатарлары халықлар дослығы ҳаққындағы ойлары менен ушласады. Ол өзбек, қазақ, түркмен ҳәм т. б. миллетлердиң түўысқанлық дослығын жоқары баҳалап, тыныш-татыў жасаўын әрман етти. Қыз Меңеш пенен айтысында легендалық характерде болса да қазақ, қарақалпақ миллетлериниң келип шығыў тийкары бир екенин билдирген еди. Шайыр миллетшилик сиясатын ҳәўижлендириўши айырым нәкәслардың реакциялық көз-қарасларына «қарақалпақ қазақ пенен теңбе-тең журт» деген пикирин қарсы қойды. Ўатанды сүйиў, халық мәпи ушын умтылыў—ҳәр бир азаматтың ўазыйпасы екенлигин түсиндириў Әжинияздың қосықларында айрықша орын ийелейди. Оның ҳәр бир азаматтың пүткил халықтың өз Ўатаны менен беккем байланыста болатуғынын сездириў ойларын мына қатарлардан көремиз: «Жер ҳәм ел билендур, ел ҳәм жер билән, Жерсиз елдиң күни дәрбедер билән».

Ағартыўшының жасларға туўған Ўатанын сүйиў сезимлерине ийе болыўын, оны қәдирлеп сыртқы душпанлардан қорғаў кереклигин, елден безиўге болмайтуғынын нәсиятлағандағы мақсети: «Елинен айырылған дийўана болатуғынын» түсиндириў. Жат журт қәдириңди билмейди. «Жат еллерде мүсәпирлик шекkеннен, урып-соғып қорласада ел жақсы»—деп туўған мәканның ҳәр нәрседен де артықмашлығын сездирди. Себеби, ҳәрким өзиниң йуртында дәўлетли султанға мегзеп жасайды. Дүньяда шырайлы шәҳәрлер ҳәм гөззал иmaратлар көп болса да «ҳәр кимниң өзине Мысырды жайы».

Шайыр жасларды халық ушын мийнет етиўге тәрбиялаў ҳаққында да баҳалы пикирлер айтты. Адамлар тек жасап, күнелтиў ушын ғана емес, ал халық мәпи, Ўатанның гүллениўи ушын да маңлай тер төгиўи керек. Мийнеттиң дөретиўшилик қүдиретиниң уллылығын, оның елди сүйиўшилик сезимлери менен байланысатуғынын баян ете келип шайыр: «Елге пайдасы жоқ мақтанщақ мәрттен, шаңы-кириңди қағып ескен жел жақсы»-дейди. Әжинияз изге тартыўшылық характердеги мийнет етиў – қара сүйек жарлы-жақыбайлардың иси, ақ сүйеклер бул ушын жаратылмаған деген түсиниклерге қарсы шыға отырып, бай, гедей болыўына қарамастан бәрше ырысқысын өзи табыўы кереклигин тәрийпледи («Базыбиреўлер»).

Шайыр мийнет ислеўге тәрбиялаў менен бирликте жасларға өнер ийелеўди нәсият етип, буның халық талабын қанаатландырыўда әҳмийети үлкенлигин, турмыста басқалардан ғәрезсиз жасаўдың тийкарғы шарасы өнер ийелеў екенлигин, инсанды бул жетискенлик бахытқа еристиретуғынын «Мегзер» қосығында жақсы баянлаған. Оның көз-қарасынша, кәсип-өнерин таптырмайтуғын, керекли, қәдирли болса хызметиңди ел ҳүрметлейди, досларың менен тилеклес адамларың көбейеди:

Пуллы болса кәспи-кәриң
Ҳәмме сениң досың, ярың
Төрт жағың қублаға мегзер.

Әжинияз жаслардың тийкарғы унамлы қәсийетлериниң бири өтирик сөйлемеў, өсек айтпаў, ҳақ жүриў екенин де көрсеткен. Алдамшы кисиниң ар-намысы,турағы кем болатуғынын түсиндирип: Өтирикшиниң,болмас анты,ийманы деп жазды. Усындай «жаман адам ғоз таслайды араға. Сөздиң өтирик ырасы анықланбаса адамлар арасындағы өз-ара исеним, сыйласық бузылатуғынын, соның ушын «Шуғыл сөзди шубҳа етиўди таслаў» зәрүрлигин де баянлады. Оның пикиринше, өтирик-өсек айтыўшы адамлардың:

Талабы сарсық гәп болар,
Алды бәлент таўға мегзер.

Шайыр жасларға сыр сақлай билиўди ескертеди, еситкени менен билгениниң бәрин көрингенге айта бериўди әдепсизлик деп есаплап аўзында гәп турмайтуғын парасатсызларға қупыя ойларды паш етиўди нәсиятлайды. Бул мәселеде «Сыр бермедим ҳәр нәмәрдге» деп өзин үлги етти. Оның түсинигинше, дурыс тәрбия алған адамлар ҳәркимге иштеги пикирлерин айта бермейди. «Сыр шашпас адам данасы». Әсиресе душпан зулымларға-«дос емес ол түлкилерге» ҳеш сыр шақпай, буның орнына:

Йигит керәк өз жайында сөзләсә,
Ҳәркимә сыр бермей сырын гизнәсә

жақсы болатуғынын ескерткен. Сыр сақлай билиў, пикирлерин ғизней алыў қәсийетлери сабырлы, парасатлы адамларда болатуғынын айта отырып, ағартыўшы жасларды салдамлылыққа уйретиў кереклигин де талап етеди «Сабырлы ис артық, көз бенен көрдим» деп буның тәжирийбеде көп сыналғанын жазады.

Солай етип Әжинияз әдеп-икрамлылық тәрбиясы мәселесинде жаслардың инсаний мәмлени пухта ийелеген, адамгершиликли, жағымлы минезли, мийнет сүйгиш әдил, дослықты ҳәм халықлар дослығын қәстерлейтуғын, елиниң патриоты, барлық ўақытта бир сөзли, сабыр парасатлы мәрт болыўы кереклигин нәзерде тутқанын көремиз. Оның әдеп-икрамлылық мәселесиндеги пикирлериниң тийкарын халықтың келешеги болған жаслардың унамлы этикалық түсиниги менен минез-қулқы жәмийеттиң жақсыланыўына, адамгершиликли қәсийетлерге бай болыўына алып келеди деген ағартыўшылық идеялар қурайды.

## Биринши бап ушын жуўмақ

Әжинияздың жәмийетлик ағартыўшылық көз-қарасының қәлиплесиўинде сол дәуирдеги қарақалпақ халқының тарийхый-экономикалық жағдайы, шайыр үйренген идеялық дәреклер үлкен роль ойнаған. Дүньяға көз-қарасындағы теистлик, деистлик ҳәм ағартыўшылық тәлиматлар педагогикалық идеяларының жетискенликлери менен

кемшиликлериниң өлшеми болып, өзи жасаған дәуирдеги бир-бирине қарама-қарсы пикирлерди сәулелендирди. Оның пикирлери, турмыстан жасаған жуўмақлары диний-теологиялық түсиниклери менен беккем байланыса отырып, тийкарынан прогрессив, демократиялық бағдарды ийеледи. Әжинияздың XIX әсирдиң екинши ярымында Орта Азияда ағартыўшылық идеологиясының ўәкили сыпатында көриниўиниң өзи үлкен жетискенлик еди. Шайыр жәмийеттеги қыйыншылықлар ағартыў ислери жетик раўажланғанда ғана сапластырылыўы мүмкин деди ҳәм жәмийеттеги мүликдар қатлам ўәкиллери өзлериниң эксплуататорлық ҳәрекетин тыйыўы кереклигин айтты. Шайырдың педагогикалық ойлары усы ағартыўшылық идеяларынан нәр алғанлықтан адамның қәлиплесип шығыўына тәсир етиўши тәрбиялық факторларды дурыс түсиндириўге еристи. Әсиресе жасап турған орталықтың тәсири, қайта тәрбиялаў мәселелери, тәрбияда нәсилдиң шешиўши емеслиги ҳаққында айтқан пикирлери оғада баҳалы болды.

Шайырдың пикиринше, адамлардың әдеп-икрамлы, абаданшылықта жасаўына кесент берип турған иркиништиң бири жәмийетте оқыў-билимниң төмен раўажланғанлығы. Соның ушын ол жаслардың билимли болыўына кеўил бөлди. Мектеп ҳәм медресениң халықты билимлендириўдеги әҳмийетин айтып, оқытыў усылларын жетилистириў ҳәм балалар ушын мәўсимлик мектеплер ашыў тараўында да бирқанша пикирлер баянлады.

Шайыр жаслардың ақыллы, алым болыўын олардың жекке умтылыўына байланыслы деп ойлады ҳәм жәмийеттиң экономикалық өсиўи адамлардың саўатлылығынан, илимди ийелеўинен, деп билимлендириў исине айрықша әҳмийет пенен қарады.

Шайыр жәмийетлик-педагогикалық көз-қарасларында заманды жақсылаў адамлардағы унамлы минез-қулық қатнасықларына байланыслы деп ойлаған. Сонлықтан жәмийеттиң келешеги-жасларда ҳақыйқый адамгершилик белгилерди қәлиплестириў тәрепдары болды. Ол адамлардың ҳақ кеўилли, мийрим-шәпәәтли, өз-ара дос, адамгершилик рухында, ҳадал мийнет етип жасаўын нийет етти. Шайыр әдеп-икрамлылықтың жәмийетлик

сананың басқа формалары, әсиресе сиясат пенен байланысы күшли екенин байқады. Усы себепли халықтың демократиялық әдеп-икрамлылық талапларын жасларға тынбай нәсият етти.

Әжинияздың жәмийетлик педагогикалық, көз-қарасларындағы базыбир пикирлер ҳәзирги заман жасларында адамгершилик, әдеп-икрамлылық көз-қарас қәлиплестириўде үлкен әҳмийетке ийе

## 2.Бап. Бердақ бақсының тәлим-тәрбиялық ой пикирлери

## 2.1.Бердақ бақсының педагогикалық көз-қарасларын үйрениў

Бердақ, Хорезм, Орта Азия әдебиятында, мәдениятында илиминде Беруний, Фарабий, Ибн-Сина, Мақмуд Қашғарий, Наўайы, Мақтумқулы, Агахий, Абай, Ахмед Даныш жәнe басқаларға усаған атақлы алымлар менен ойшыллардың қатарынан ылайық орын алған[1] уллы дана. «Рус халқына Пушкин, украин халқына Шевченко, грузин халқына Руставели, өзбек халқына Наўайы, қазақ халқына Абай, түркмен халқына Мақтумқулы қандай уллы шайыр саналса, Бердақта қарақалпақ халқының усындай уллы шайыры. Бердақтың творчествосы қарақалпақ классик әдебиятының шыңы[2]. Ол зор талант ийеси болғанлығы себепли өзбек жазыўшылары: Ғафур Ғулам менен Асқад Мухтар: «Қазақ Абай, түркмен Мақтумқулы, қарақалпақ Бердақ Орта Азия даласының үш жарық жулдызы»[3] деп жазған еди.

Бердақ С.П.Т о л с т о в т ы ң айтқанындай қарақалпақлардың биринши тарийхшысы болып табылады. Ҳақыйқатында да Бердақ Орта Азиядағы

---

[1] *.*1мийдов. Берда3ты4 «Шежире» шы2армасыны4 нус3алары. «!ми7д1рья» журналы, qouu, № t, ii-бет.

[2] М.Нурмухамедов. Бердах-великий поэт каракалпакского народа. Изд-во «ФАН», Ташкент, qouu, е-бет.

[3] Ө.Әлеуов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи.Н. «Қарақалпақстан». 1993.ж.338.б

оғада уллы шайырлардың биреўи[4]. Ол өз халқының «Шежире»син, (тарийхын) дөретиў ушын биринши қәлем алған данышпан. Шайыр сиясий-жәмийетлик тәрбиялық әҳмийети оғада зор: «Халық ушын», «Жақсырақ», «Салық», «Заманда», «Излер едим» т. б. көлемли қосықларынан тысқары баҳалы педагогикалық ойлар, жуўмақлар баянланған, онлаған ири поэма жазған уллы классик. Оның «Ақмақ патша», «Айдос бий», «Амангелди», «Ерназар бий» поэмалары қарақалпақ халқының жәмийетлик турмысын, тарийхын сөз етиў менен қатар педагогиканың ири-ири проблемалық мәселелерин гәп етиўи менен де дыққатқа миясар.

Бердақ өз творчествосында көп ғана илимлердиң бөлимлери менен тараўларынан айтарлықтай мағлыўматлар береди. Шығармаларында сөз етип отырған дәўирдиң жәмийетлик сана формаларының бирқанша түрлери: философия, сиясат, экономика, психология, педагогика, этика, эстетика, тил, әдебият, тарийх, этнография, логика, ҳуқық мәселелери баянланған. Сонлықтан Бердақтың творчествосы халық ушын үлкен билим орайы болып, энциклопедиялық характерге ийелиги жағынан ҳәр тәреплеме терең үйренилиўде.

Бердақ қарақалпақ халқының мәдений руўхый турмысында қарақалпақ әдебиятының тийкарын салыўшы. Ол қарақалпақ халқының талантлы шайыры, ойшыл-философы, тарийхшысы, бақсы-композиторы ҳәм ағартыўшысы.

Бердақтың дөретпелери, дүньяға көз-қарасы өзине тән айрықшалықлары менен тек қарақалпақ шайырлары ишинде ғана емес XIX әсирдеги Орта Азия ойшыллары ишинде көзге бөлекленип көринеди. Ол ҳақыйқат гуманист-демократ, халықтың мәпин жан-тәни менен жырлаған көркем сөз шебери.

[4] С.П.Толстов. «Великая победа ленинско-сталинской национальной политики».«Советская этнография», qot0, № q, i-бет.

Б е р д а қ  1827-жылы Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр әтирапында дийхан семьясында туўылған. Балалық жыллары аўыллық мектепте тәлим алады. Усы жөнинде:

Он жасымда оқып калам,
Жасы үлкенге берип сәлем,
Жылаўымда ата-анам,
Меҳрибан болған күнлерим,[5]

деп билим үйрениў жылларын өзиндеги бахтыяр дәўири сыпатында түсиндирген, Бул гезлери үлкедеги мектептиң жағдайы айтарлықтай жетилискен емес еди. Хийўа ханы ҳәм қарақалпақ бийлери ағартыўды жақсылаўға аз кеўил бөлди. Оқыўдың маз-муны көбирек диний-гуманитар пәнлерден ибарат еди. Усыған қарамастан XIX әсирдеги Түркистанда, усының ишинде қарақалпақстанда 20-26 саўатлы адамлар болғанлығы мәлим. Усындай мәдений ағартыўшылық дәрежеге ийе заманда жасап атырған Бердақтың өспиримлик ўақытта ата-анасы теңнен қайтыс болып, жетимликте ағайинлериниң қолында өседи. Гейде мал бағады. Усы исте жүрип қосық шығарып, саз шертиўди үйренеди. Бул туўралы: «Он-биримде бузаў бақтым, шайырлықты соннан таптым» деп өзи ҳаққында мағлыўматлар береди.

Шайыр қыйын турмысқа шыдасып, мектепти питкергеннен кейин Қарақум ийшан медресесинде тәлим алады. Бул жерде диний тағлиматларды үйрениў менен қатар араб мәдениятын, мифологиясын, алымларын, грек философиясын үйренеди.

Бердақ медресени тамамлағаннан соң көбинесе бақсышылық, қыссаханлық, шайырлық пенен шуғылланған.

Шайыр жасаған XIX әсирдиң соңғы шереги қарақалпақ халқының тарийхында бурын болып көрмеген бирқанша өзгерислерди пайда етти. Халық тарийхында ҳеш ўақытта XIX әсирдеги 1827, 1855-56, 1858-59

[5] Ө.Әлеуов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи.Н. «Қарақалпақстан». 1993.ж.339.б

жыллардағыдай феодаллық зулым-лыққа қарсы халық азатлық гүреслери жүз берген жоқ еди.

Бул көтерислердиң келип шығыўының тийкарғы себеплери халықтың Хийўа ханы тәрепинен экономикалық қысылыўы, Хийўа менен қоңсы ханлар арасындағы урыстың жийилениўи усы себепли қарақалпақларға салықтың көлеминиң жылдан-жылға көбейиўи ал мәдений ағартыўды, абаданласыўды мақсет еткен халықтың Хийўа қоластынан шығып ғәрезсиз елге айналыўы нийетлерин әмелге асырыўы болды. Көтерилислер жеңилис пенен тамамланса да халықтың өз азатлығын алыўға умтылыў тәжирийбесин байытты. 1873-жылғы Орта Азияның усының ишинде Қарақалпақ үлкесиниң Россия тәрепинен жаўлап алыныўы да өзиниң унамлы ҳәм унамсыз тәреплери менен үлкен из қалдырды.

Усындай тарийхый экономикалық ҳәм ағартыў тараўындағы ислер Бердақтың дүньяға көз-карасы менен педагогикалық ойларының алдыңғы пикирлерге бай болып қәлиплесиўине зор тәсирин тийгизди.

Бердақтың тәлим-тәрбиялық көз-қарасларын дурыс анықлаў ушын ол үйренип, өрнек алған идеялық дереклерди де билиў керек. Шайырдың «Шежиреси» әййемги дәўирден баслап өзиниң заманына дейинги шығыс халықларының, усының менен бир тәғдирге ийе қарақалпақ халқының тарийхын сөз етеди. Демек Бердақ әййемги дәўирден берги шығыс халықларының руўхый дүньясы, мәдений мийраслары, шайыр, алымлары ҳаққында да мәлим дәрежеде, түсиник билимлерге ийе.

Әсиресе Аристотель менен Платон (Әплатун) философиясын, әййемги араб әдебияты ҳәм ифологиясы менен қосып революцияға шекемги қарақалпақ мектеп, медреселериндеги «Бидан» ҳәм «Машкат» сабақлары арқалы базда элементар дәрежеде, гейде терең мәниде ҳәр жерде ҳәр қыйлы үйретилип келинген. Бердақта әййемги грек философиясые мектеп медреседе ҳәм басқа да дереклерден белгили дәрежеде өзлестирди. Пүткил дүньяға мәлим бул грек философларының тәғлийматларының түйинин билиўге умтылды. Буны: «Излер едим» қосығында:

Өткен Арасту, Әфлатун,
Жаратып илимниң кәнтин,
Шешиў ушын пикири бәнтин,
Мен мағрифат излер едим»[6]

деп жазғанлары да дәлиллейди.

Бердақтың грек мәдениятынан тысқары Орта Азиядағы ояныў дәўири мийрасларына, илимине, дүньяға көз-қарасына көп қызыққанын оның шығармаларына тәсир еткен дәреклер де дәлийллейди. Ол өз сарайында Берунийди жасаўға мәжбүрлеген Султан Махмуд туўралы көп ғана тарийхый мағлыўматларды биледи. Мысалы 1017-жылы Махмуд Ғазнаўий Хорезмди жаўлап алады. Уллы илимпаз Беруний де Султан Махмуд Хорезмди басып алғанда тутқын иретинде көп алымлар менен бирге Хорезмнен Ғазнаға, Султан Махмуд сарайына айдалады. Усындай зулымлық жағдайларды Бердақ :

Султан Махмуд журтты алды,
Қыйын болды ақыбети,
Ол ҳәм илая нағлати»[7]

деген еди.

Усылай екен, онда Бердақ Султан Махмуд пенен ислес болған Беруний ҳәм сол дәўирлери өмир сүрген Ибн Сина, Фарабий сыяқлы алымлардан белгили дәрежеде хабарға ийе болыўы мүмкин.

Бердақтың дүньяға көз-қарасы IX әсирдеги Шарафатдийин Бухарий, Қазы Азмуддин, Жалаладдин Кихи, Фаридиддин Аттар (XII-әсир) сыяқлы шығыс философ шайырларының дөретпелери менен де байланысқан. Бердақтың бул шайырлар мектепте «Чар китап»ты оқығанда таныс. «Чар китап»тың биринши китабын: «Номи ҳақ» жазған Шарафатдийин Бухарий, екинши китабын: «Бидан» жазған Қазы Азмуддин, үшинши китабын: «Мухумотул муслимин» жазған Жалаладдин Кихи, төртинши китабын:

---

[6] Бердақ. Таңламалы шығармалары жыйнағы.Нөкис. «Қарақалпақстан», 1977. 41.б
[7] Ө.Әлеуов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи.Н. «Қарақалпақстан». 1993.ж.341.б

«Пәнднама» жазған Мухаммед Ибн Ибраҳим Фаридиддин Аттар сыяқлы шайыр, философлар еди. Бердақ олардағы жетилискен мазмунлы пикирлерди сезе отырып; «Чар китапқа қушақ аштым» деди. Сондай ақ шайырға сол дәўирдеги «Суфы Аллияр», «Бедил» усыған сабақлықларда таныс, ондағы инсан пазыйлетлери жөниндеги алдыңғы көз-карасларда мәлим.

Бердақтың халық ишине қол жазба түринде кең таралған «Инб Ҳажым ҳәм Шайх Нәжмәддин Қубра ҳаққында ҳикая»да көп қызығыўшылығын туўғызды. Оның диний мазмунлары шайырға белгили дәрежеде тәсир жасаған, сонлықтан да Бердақ «Шайқы Қубра дууа қылды, дин Хорезм ўайран болды, Ибн Хажым шейит өлди, бундай шейит болған емес»[qq] деп жазған еди.

Бердақтың дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўинде Фердаўсийдиң «Шахнама», «Юсуп-Зилыйха» дәстанлары да үлкен өрнек болды. Фердаўсий патшалар ҳаққьнда «Шахнама» дәстанын дөретсе, Бердақ усындай бағдарда патшалар ҳаққында «Ақмақ патша» дәстанын жазды. Бердақтың бай илимий поэтикалық творчествосы уллы данышпан Фердаўсийдан нәр алғанын Фердаўсийдиң уллылығын баҳалай билгенин «Излер едим» қосығындағы;

Бир-себепкер жалғыз Алла,
Фердаўсийдай дана барма», —

деп шығыстың алым ойшылындағы талантқа таңланғанында көремиз.

Бердақтың дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўинде өзбек халқының уллы ойшылы Наўайының творчествосы көп тәсир жасады. Бердақ жер жүзилик алдыңғы ой ийелериниң бираз шығармаларын Наўайы арқалы оқыды. Наўайының дүньяға көз-қарасын қәлиплестирген идеялық дереклердиң өзи күтә бай еди. Ол грек мәдениятын, Платон, А р и с т о т е л ь т. б. философлардың таглийматларын қунт пенен өзлестирип Беруний, Фарабий, Ибн Сина, Ибн Рушд, Фердаўсий, Саадий, Низамий дөретпелерин үйренген. Булар өз тәсирин, руўхын Наўайы творчествосында күтә мазмунлы көрсеткенлиги мәлим. Бердақ билимин усы Наўайыдан

толықтырғанын «Наўайыдан саўат аштым» деп тастыйықлайды. Наўайының мийраслары күтә қунлы ҳәм уллы еди. Усы уллылығын сезген Бердақ «Қәйтип Наўайының изин мен баса аламан„„» деп бәлент билимлилигин тәрийплеген. Шайыр өз өмиринде Наўайыдан көп нәрселер үйренгенин шығармалары арқалы жийи еске түсиреди.

Бердақ творчествосының, дүньяға көз-қарасларының қәлиплесиўинде азербайжан халқының уллы шайыры Физули да (1498-1556) үлкен орын ийелейди. Физулийдиң дөретпелери Мавереннахр территориясында 24 мәрте басылып шығып оғада кең тарқалған ҳәм мектеплерде сабақлық етип оқытылған.Физулийдиң бай әдебий мийраслары, философиялық тәлим-тәрбиялық ойлары мазмунлылығы менен оқығанларды тәсирлендирген, өрнек алдырған. Бердақ Физули дөретпелериниң усындай мазмунлы екенлигин, халыққа рух бағышлағанын: «Айтқанлары унап көпке, сөйлегени кетпей текте... Физули өткен» деп жазды. Бердақтың өзи де Физули творчествосын, дүньяға көз-қарасын терең үйренген. Усы себепли ол «Физулидан дүрлер шаштым» дейди.

Бердақ түркмен халық шайыры, көрнекли философы Махтумқулыны, Андалибти, сондай ақ қарақалпақ халық тәлим-тәрбиясын, бала тәрбиялаў дәстүрлерин, қарақалпақ классик көркем сөз шеберлери Жийен, Күнхожа, Әжинияз, Өтешлерди қунт пенен үйренди, тәлим-тәрбиялық ойларынан үлги алды.

## 2.2.Бердақтың жәмийетлик педагогикалық коз-қараслары

Б е р д а қ т ы ң жәмийетлик педагогикалық көз-қарасларында инсан өз ақылы арқалы қубылыслардың себебин үйренди, ақыл менен өзине түрли зат ислеп өзин-өзи тәмийинлейди, дүньяны еледе көбирек билиўге умтылады. Усы ақыл арқалы жәмийеттеги барлық мәселени шешиў мүмкин деп жақсы жәмийет ақылдың күши менен орнайды деп ойлады. Бул ушын ҳәрбир адам жәмийеттеги зулымлық, орынсыз ислерге итибарлы сер салсын: «Нәзер

салың сумы шыққан заманға». Солай етип будан жуўмақ шығарсын деген талапларды айтты. Көп данышпанлар буған умтылды. Бирақ:

Ақыллылар жол табалмай ойланды,
Жүйрик шешенлердиң тили байланды,
Қараңғы қаплаған қайғы заманда.

Булар жәмийетлик дүзилистиң ишки мазмўнын толық биле алмағанлықтан шекленген еди.

Ең кейнинде; «Заман қалай заман болды, жарық жолды излер едим» деп жәмийетлик қурылысты дүзетиўге жол табалмай ҳайран болды. Бул жол табалмаўының тийкарғы себебин халықтың билимсизлигинен, дүньяны еледе терең билмегенликтен, аз оқығанлықтан көрди. Оқымыслы, дана адамлар жәмийетти жақсылар еди деп ойлады. Сол ушын ол халықтағы илим менен билимниң кем раўажланғанына ашынды. Егер билимли болсам, жолын табар едим деп үмит етти;

Сизлердей менде адамман,
Биракта көзсиз сонаман.
Соған дым күйип жанаман,
Бахыт болса излер едим

деп өзиниң басқалар сыяқлы ҳәр нәрсеге уқыбы жететуғын адам екенин, бирақ аз билимге ийелигин, көзи ашылмағанын айтып өкинди. Бул өкиништи көкирегине түйе отырып, жәмийетти жақсылаўдың жолы: халыққа билим берип ағартыў исин раўажландырыў илимли етиў деп жәмийетти жақсылаў идеясында педагогикалық, тәлим-тәрбияны үлкен қурал етип алды.

Бердақтың дүньяға көз-қарасында жасап атырған жәмийетти жақсылаў ушын адамларды унамлылыққа, жақсы минез қулыққа тәрбиялаў лазым деген ағартыўшылық пикирлер орын алған. Шайырдың усы түсинигинен келип шығатуғын жуўмақ: адамды тәрбиялаў ушын адамға тән барлық қәсийетлерди, олардағы руўҳый процеслерди билиў керек. Сонлықтан тәрбияның объекти болған адамның руўхый процеслери ҳаққындағы

пикирлери педагогикалық көз-қарасларының тийкарын қураўда үлкен роль ойнады.

Бердақтың түсинигинше адам дүньяға келгенде хеш нәрсени билмейтуғын болып туўылады. «Ақмақ патша» дәстанында жаңа Дүньяға келген Гүлзар ақыл-түсиниги қәлиплеспеген қәддинде туўылғанын, соң ўақыттың өтиўи менен әўелден күлгенин, еңбеклегенин, ғаз-ғаз турғанын, сыртқы дүньядан хәр қыйлы қубы-лысларды билиўи басланғанын жазады. «Күлен болыс» шығармасында хан қызының балалы болғанын, ол баланы ханнан жасырып қәндекке тасласа қәндекте жата беретуғынын, хешкимге мени булай етпе деп өзи туўралы бирнәрселерди айтыўға еле мүмкиншилиги жоқ екенин гәп етип, баланы ханға апарып, ол қолына услап турған көринисти:

Қайғысы жоқ мәс бала,
Кеўли хош өзи мәс ғана,
Қып-қызыл шақа жас бала[1]-,

деп еле сыртқы турмыс туўралы пикирлеўди билмейтуғынын сөз етиў арқалы адамның дүньяға келгенде тайын түсиниклер менен туўылмайтуғынын, оның раўажланыўы менен кем-кемнен саналы болатуғынын баянлаған. «Өмирим» қосығында инсанда бир-бирине байланыслы балалық, жигитлик, орта жасар хәм ғаррылық төрт түрли жас өзгешелиги болатуғынын, адамдағы минез-қулық жасқа қарай өзгеретуғынын айтты. Шайыр усы сөз етип отырған қосығында адамдағы руўхый процесслер менен оның биологиялық жасаў жағдайындағы өз-ара байланыслылықты да дурыс сездиреди. Ол адамның физикалық денесин және ондағы руўхты мазмун хәм форма сыяқлы өз-ара айрылмас байланыста қарайды, рух материаллық денеге, ал материаллық дене руҳқа тәсир етеди деп түсинди хәм адамның жасы, организми өзгериўи менен оның минез-қулқы, психологиясы өзгереди, адамларда биологиялық-физиологиялық процесслер менен рухый психологиялық пикирлеў процесслери өз-ара

---

[1] Ө.Әлеўов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи. Н. «Қарақалпақстан». 1993. 344.б

байланыслы болады деп түсинди. «Ҳәр бир жас дәўиринде бас мийиниң физиологиялық искерлиги өзиниң ҳарактерли өзгешеликлерине ийе болады».

Бердақ адам ҳаққындағы оның психологиясы жөниндеги түсиниклерин топлай отырып тәрбия арқалы адамды унамлылыққа еристириўге болатуғынына исеним менен қарады. Ол тәрбия күши менен ғана адамның келе болатуғынын, түрли нәрселерди билип ер жететуғынын, баланы қалай тәрбияласаң солай қәлиплесетуғынын жақсы түсинди. «Өмирим» қосығында өзиниң жаслық ўақытта ата-ана әлпешлеўинде күтә, жақсы тәрбияланғанын, әдеп-икрамлылықта өрнекли ислерди-көп көргенин, мектепте оқыған жылларын т. б. баянлап, бала тәрбиясының жаслайынан унамлы алып барылыўы керек деген идеяны көтереди.Шайырдың тәлим-тәрбиялық ойларының ишинде тәрбияның мақсет ўазыйпалары, онда ата-ананың роли, нәсилдиң қатнасы, орталықтың тәсири, қайта тәрбиялаў, тәрбия да дене жазасының унамсызлығы, ул ҳәм қызға тән айырым тәрбия бериў усаған көз-қараслар тийкарғы мәселе болып турады. Олардың ишинде ата-ана ушын «Перзент деген уллы бахыт» болып сәўлеленеди. Ата-ана қартайғанда бала әмеңгер, қол-қанат, әрман мақсетлерин иске асырыўшы уллы ислерин даўам еттириўши сыпатында саналады. Бул пикирлери шайырдың «Айдос бий» поэмасында: «Айдостың еки баласы, жел жағыньң панасы деп жазғанынан көринеди. Онда балаларды өзипе ғамхоршы уллы ислерин даўам еттириўши етип тәрбиялаў ушын Бердақ тәрбияда ата-ана  хызметин күтә жоқары санаған.Баланы тәрбиялаўдағы ең баслы мақсет оның келешекте жәмийет, халық ушын пайдалы азамат болып жетисиўин қарастырыўдан ибарат. Бул ушын олардың тәрбиясына үлкен итибар менен қараўды ескертти. «Балаларым» қосығында өз перзентин жыллы сезимлер менен унамлы тәрбиялағанын басқаларға үлги етеди. Усылай еткенде перзент ата-анасын ҳүрметлеп сыйлайды, барлық интасы менен оның мақсетли ислерин даўам етеди деп балалардың алдына да «Ата-анаңды қәдирле, өлгениңше жақсы сөйле» деп-үлкен ўазыйпалар қояды.

Шайыр баланы унамлы тәрбиялаўдың дәслепки белгилериниң бири оған жарасымлы ат қойыў деп есаплады. Бул мәселеде қайсы жыныстан болса да көп адамлардың ақылласып исми қойыўын, қойылған аттың мазмунында баланың тәрбияланыўы ушын жақсы тәсирлер тийиўин есапқа алыўды ескертти.

Ат қойыўдың сыртқы формасына емес, мазмунлық тәрепине ой жуўыртыў лазым деп Бердақ өзи нәсиятлаған бул традицияньг бәрқулла қуўатлаған. «Ақмақ патша» дәстанында шайыр Зийўардың туўған қызына патша ҳаяллары ақылласып «жыйылып турып ҳәммеси буның атын Анар қойды» деп көпшилик болып қойған атты жақсы болады деген пикирин раўажландырады.

Бердақ тәрбия исинде устазлардың ўазыйпасына да зор әҳмийет берди. Устаз жаслар алдында әдеп-икрамлы, меҳрибан, адамгершиликли, ҳәр-тәреплеме саўатлы, өрнекли болыўы керек» бунысыз устаз өз шәкиртлерине жақсы минез-қулық қәлиплестире алмайды, деп сол дәўирдеги бираз моллаларға пикир билдиреди.

Минез-қулыққа дурыслы тәрбиялай алмай атырғанын ескертти. Буның дәслепки белгисин айырым моллалардың өзлериндеги унамсыз пейилден көрди. Базы бир молла, ийшанлардың оқыў, тәрбия процесинде жасларға әдепли, сыйласықлы болың, деп айтқан қурғақ нәсиятларын өзлериниң жарамас ислери бийкарлап туратуғынын: «ийшанларда муриўбет жоқ»[2] деп әшкаралады ҳәм устаздың сөзи менен еткен ис-ҳәрекети бир-бирин тастыйықламаса, оның тәрбиялық күши болмайды деген уғымды аңлатты. Жәмийет те айырым устазлар балаларға тәрбиялық өрнекли ис көрсетиў орнына, өзи бузық ислер менен шуғылланады, бул сол устаздан тәрбия алып атырған балаларға жаман тәсир етеди, «Ийшанлардың биразлары уры, оның зардаплары халық ушын зыян деп жазды, «Көрермен» қосығында айырым моллалардың ҳәтте семьясында өз баласына унамлы минез-қулқы

[2] Ө.Әлеўов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи. Н. «Қарақалпақстан». 1993. 346.б

қәлиплестире алмайтуғынын ескертип, өз дәуириниң устаз моллаларына тәлим-тәрбия исин жақсылаўды ўазыйпа етти.

Бердақ жаслар тәрбиясындағы нәсил мәселесине де кеўил бөлди. Ол адамлардың бир-бирине уқсап туўылыўын нәсилдиң белгиси деп дәлиллейди.

Сондай-ақ жасларда айырым қабилетлиликлердиң қәлиплесиўинде жасап атырған орталық, тәрбия ҳәм нәсилик қатнаслардың белгили дәрежеде хызмети бар екенине де итибар берген. Нәсил қуўалаўшылықты бийкарламаған. Ол минези пәс, зулым кисилерден туўылған ул, қызлар зулым болып туўылмай, тәрбия нәтийжесинде ақыллы болып шығатуғынын баянлаў арқалы нәсилдиң шешиўши әҳмийетке ийе емеслигин дәлийллеўге ерискен. «Ақмақ патша» дәстанында зулым патшанық кызы Гүлзар күтә ақыллы мийирман адамгершиликли. Буның зулым патшаның нәсилинен емес, ал анасы ҳәм басқа да жақсы адамлардың тәрбиялаўынан ҳәм тәсиринен пайда болғанын көрсетеди.

Бул пикирин буннан былай да тереңлестирип гедейди нәсили төмен, ақылы жоқ, одан туўған балаларда усы тақылетте болады деген пикирлерге «Ақмақ патша» дәстанында жаман шатпада жасаўшы, «нәсили қара» балықшы қызының күтә ақыллы тапқыр, ер жүрек болып жетилисиўин қарсы қояды. Гүлимниң ақыллы, уқыплы, сөзге шешен, батырлығы жүргизилген унамлы тәрбиядан ҳәм жақсы орталықта Жасаўынан деген уғымға келеди. Феодаллар мийнеткеш камбағалларды «нәсили қара», «жаман» деп атаса Бердақ усы «нәсили қара» адамларды ҳақыйқат халық ушын пайдалы жақсы инсанлар деп те «нәсилге» тийкарланыўдың, адамдағы қәсийетти толық көрсете алмайтуғынын айтты.

Солай етип Бердақ жаслардың унамлы адам болып ержетиўинде оның нәсилиниң тийкарғы ўазыйпаны атқармайтуғынын түсиндиреди. Балаларды унамлы тәрбия күши менен дурыслы инсан етип ержеттириў итималы бар екенине исенди, перзент тәрбиясы бойынша дурыс бағдарлар берип,

баланың адам болыўында нәсилдиң емес , ал тәрбияның хызметине зор итибар қаратыўды ескертти.

Адамлардың басқалар менен рухый қатнаста өз-ара байланыста жасайтуғынын, бир-бирине тәсир ететуғынын адам ҳарактери тәсир процеслеринде қәлиплесетуғынын адамның орталықтан, жәмийеттен ажыралған түрде жасай алмайтуғынын, оның жақсы жаман болыўы усы орталық тийгизген тәсирлерден екенин шайыр түсинген еди. Сонлықтан балаларды унамлы адамлар ортасында тәрбиялаўдың да үлкен әҳмийети бар, сонда бала жасап атырған әтирапты, дүньяны түсинип ержетеди дсди.

Шайыр балаларды орталық пенен байланыссыз тәрбиялаў олардың хәр тәреплеме толық жетилискен болып шығыўына тосқынлық келтиреди деп түсиндиреди ҳәм бала қандай орталықта өссе, сол орталықтың дәрежесинде түсиник, билим алыўдан артық кетиўи қийын демекши болады.

«Ақмақ патша» дәстанында Зәриў образы күтә ҳарактерли. Ол хан сарайында түрли зулымлықлар менен әдилсизликти, унамсыз минез-қулықларды көрди. Патшаның ақмақлық ислериниң қәте екенин өзинше түсинди ҳәм оған сын көз бенен қарады. Нәтийжеде жаман орталықта жасап, зулым болып кетпей, халыққа хизмет ислеўши, жақсы адам болды. Шайыр усы Зәриўдиң ҳарактери арқалы жасларға жасаған заманына, феодалларға сын көз бенен қараўдың дурыслы адам болып шығыўда әҳмийети зор екенлигин дәлилледи. Усы пикирин даўам ете келип «Надан болма» қосығьнда жасларға бузық жерменлер менен бирге жүрип сенде жермен, зулым болып кетпе деп ўәсият етеди: жерменге ерип жермен болма. Бердақтың ойлаўынша адамның жақсы, жаман болыўы жасаған орталықтан болса онда адамды жақсы етиў ушын шайырдың пикирлеринен обьектив түрде келип шығатуғын жуўмақ-алды менен орталықты, жәмийетти жақсылаў керек. Бул күтә баҳалы пикир еди. Усылай етип Бердақ өз нәзеринде орталықты жақсылаў ушын адамлардың түсинигине жақсы ҳәм жаман ислерди айқын түсиндириў лазым, жәмийетлик орталықты тәрбиялаў,

агартыў, нәсиятлаў, жолы менен дүзетиу мүмкин деген ойларды жийи услады.

Бердақ өз көз-қарасларына беккем ийе емес айырым жаслардың жарамас үгитлерге ерип, унамсыз қылўаларға жол қойыўлары да мүмкин деп ойлады. Жасларда бундай түсинбеўшиликтиң сөзге ериўшиликтиң болып туратуғынын «қәтелик табылмай турмас бендеден» деп ескертти. Шайыр бул ескертиўди алдын-ала айта отырып, қәтешилик ҳәм түсинбеўшилик пенен тәрбияланған жасларды қайтадан тәрбиялаў нәтийжесинде унамсыз минезинен айырып, жақсы әдетлерге үйретиў мүмкиншилигин сездирди. Ол сатиралық қосықларында әдеп-икрамлылық кем жасларды әшкаралап, айыбын бетине басыў арқалы қайта тәрбиялаў өрнегин көрсетти. «Керимберди» қосығында Керимбердиниң халық исине умтылмайтуғынын, мудамы өтирик сөйлейтуғынын: «Сөйлегениң бәрҳа ялған, ялғаншы жанға мегзейсең» деп оның жарамас әдетлерине күлип, буны қойдырыўды, тәўир әдетлерди үйренип, дурыслы адам болыўды нәсиятлайды. Ал «Билесең бе ?» қосығында ылайықлы ақылы аз, қыйын күнге жарамайтуғын адамға карата: дурыслы бол, орны менен сөйле, кисини жөнсиз муңайтпа деп инсанлар менен дурыслы қарым-қатнас жасаўды үйрениўди ескертти. Бердақ айырым унамсыз ислерге үйир болып кеткен жасларды қайтадан тәрбиялаў арқалы оларды жақсылар қатарына қосыў мүмкин, бул ушын сабақ бериўши устазлар шеберлик пенен ҳәрекет етиўи лазым деди. Усының менен қатар ол ўақыттағы базы бир мектеп молла ямаса суўпылардың баланың қандай адам болып шығыўы тәғдиринде жазылған, оны қайтадан тәрбиялап, ҳәлеклениў бийҳуўда ис деп қараған түсиниклерине қайта тәрбиялаў зәрүрли болған айырым балаларды тийисли тәрбиялық шара қолланбай, мектептен қуўғанларына қарсы турды.. Бердақ буларды тәрбияшы, молла я суўпы деп атаў керек емес, «Қыйсықты жолға салмаса, оны суўпы деп ким айтар» деп әшкаралады ҳәм тәрбияшы устазлардың алдыларына тәлим-тәрбиялық талапларды қойды. Қайта тәрбиялаў күшине исенген Бердақ бузық-пикирли, халық душпаны феодалларды да қайта

тәрбиялап, ис-ҳәрекетиндеги жарамаслықларды сапластырып, оларды да адамгершиликли инсан етиўди ойлады. Бундағы мақсети феодалларды қайта тәрбиялаў нәтийжесинде зулымлықтан бездириў еди. Усы тийкарда ол байларды инсаплы адам болыўға шақырды. Инсан әдеп-икрамлы дурыс пикирли болып тәрбияланса зулымлық, әдилсизлик ислемейди деп ойлады.

Шайырдың тәрбия ҳаққындағы ойлары дене жазасын қолланыўға қарсы шығыў менен тағы да тереңлескен.

Ол дәўирлерде дене жазасын қолланыў мектеп, медреселерде гейде ушырасатуғын еди ҳәтте ата-аналардың өзлери де перзентин оқыўға әкелгенде сабақ үйретиўши моллаға: «Ети сизики, сүйеги бизики» деп тапсырған.

Бердақ тәрбия исинде устазлардың балаларға дене жазасын қолланбаўын, буның орнына кишипейил, шәкиртлерге адамгершиликли, ҳүрмет пенен мулайым қатнас жасаўын усынды. «Ким айтар» қосығында устазларға; «Өзи мулайым болмаса, оны суўпы деп ким айтар» деди. Бердақ тек мектеп медреседеги тәрбия исинде ғана емес ал семьядағы тәрбиялық ислерде де баланы урып, жаман сөзлер айтып тәрбияламаў кереклигин нәсиятлаған.

Шайыр тәрбия исиндеги жоқарыдағыдай айырым мәселелерди баянлай отырып, адамның унамлы қәлиплесиўи ушын тийкарынан ақыл тәрбиясы, жақсы минез-кулық, мараллық унамлылық ҳәм эстетикалық тәрбия түрлери зәрүрли екенин көрсете билди.

Бсрдақ жаслардың ақыл, парасатын раўажландырыўға үлкен дыққат берди. Оның түсинигинше адам ақылы менен ғана турмыстан дурыс жол таңлайды. Жақсы болып жасайды. «Жақсы жүрер бул заманда ақыл алған».

Инсанда ақыл жетиспесе халық мақсетин түсинип уллы ислерди орынлаў, елине пана болыў қолынан келмейди: «Ақыллы адам билер сөзлердиң парқын, хор қылмаслар ондай жигитлер халқын, билер ақыл менен алыс ҳәм жақын». Сонлықтан дана, оқымыслы адамлар ел ишинде көбейип,

халықты ақыллылық пенен басқарып отырса бүлгиншилик, теңсизлик орын алмайды. «Пана бер» атлы қосығында:

Қарақалпақ. посар болды,
Шөлистанды басар болды,
Неше қырдан асар болды
Халыққа ақыл, дана бер

деген машқалаларды дөретти.

Халықтың тыныш, тоқшылық күнге ерисиўи жәмийетти ақыллы кисилер басқарыўынан, ел басқарыўшылардың бийжай болыуы олардың билимсизлигинен деген түсинигин: «Ақыллы бий пухараға болар жай, ақмақлар халыққа болады бийжай» деп толықтырды. Ақыллы кисилер, топланса, ойласық, мәсләҳәтлеринен әҳмийетли ислерди дөретеди: «Жәм болды не сахийп, пәмли, сөзлери шекерден дәмли» дегени менен ақыллылар алдына уллы ўазыипаларды қояды.

Бердақ ақылдың усындай әҳмийетлилигин баянлай отырып ақылсызлықты критикалады. Адамлар ақылсыз болса әдеп-икрамлылықты билмейди, бийқәсийет атанады деди. Буннан инсандағы жақсы минез-қулық ақылға байланыслы болады деген шайырдың жуўмағы шығады. Бул пикирин: «Ақылсыздың қәсийети аз келер, ақмақлар ҳеш хызмет етпес халық ушын» деп тастыйықлайды. Сонлықтан ақылсыз наданның айтқаны менен ис етпең олардың билгенлери қәте, қулақ ассаң мийнетиң зая кетеди: «Мени айыплы қылмаңлар, ладанның тилин алмаңлар жаманға ҳеш көз салмаңлар, босқа өткен көп күнлерим» дейди. Усылай етип шайыр адамзат турмысында ақыллылық пенен ақылсызлықтың көп парқы бар екенин сездирип, ақыллылық адам жәмийетиниң гүллениўин, тәмийинлейтуғын қубылыс, ал ақылсызлық жәмийетти бүлдиретуғын таңба екенин айтты.

Бердақ тәрбия ҳаққындағы көз-қарасларындағыдай ақыл мәселесинде де адамлардың нәсилине исеним билдирмеди Сонлықтан бай, жарлы екеўиниң де ақыллы болыўына мүмкиншилиги бар екенин сездирди. Шайырдың бул пикири жарлы балалары мийнет ушын туўылған, оқыў жуқпайды деўши сол дәўирдеги базыбир идеялар менен соқлығысты.

Мийнеткеш жарлы балаларының билим алыўдан шетлетилиўине Бердақ қарсы шыға отырып, бай балаларына салыстырғанда оқыў жарлы балаларына қонымлы, өмирдиң қыйыншылығын көп көргенликтен, турмысқа тереӊ араласып жасағанлықтан мийнеткеш балалардың түсимпазлығы күшли болады деген идеясы «Ақмақ патша» поэмасындағы Зәриў, Гүлим образынан толық көринеди.

Бердақ жасларға ақыл билим бериў мәселесинде ақыллы болыў қудайдың жазғанынан деўши көз-карасларға шекленип қалмай, балаларды тийисли ақыллылыққа үйретиўди көрсетеди. Көргени аз болғанлықтан, олар жас ўақытта көп нәрселерди билмейди, ақыл түсиниклери жеткиликли емес. Буны: «Балаларым» қосығында: «үрпе, шүрпе қызыл қанат шырағым, еле сизлер не көрдиңиз балаларым»-деп дәлийллейди. Сонлықтан оларға ақыл қәлиплестириўши арнаўлы тәрбияның лазым екенин билдирген. Бул ушын жаслайынан ақыллылыққа үйретиўши нәсиятлар берип, турмыслық тәжирийбе жәрдеми менен ақыл, түсинигин арттырыў тийис деди.

Бердақтың пикиринше бала мектепке бараман дегенше үлкенлерден басланғыш ақыл, нәсият тыңлап, тәрбия алған болыўы тийис. Себеби арнаўлы оқыў орнынан басқа турмыс мектеби бар, бундағы тәрбияшы турмыстын өзи. Егер оқыў, тәрбия ҳәм билим алыў тек мектепке ғана жәмленген болып ҳәўиж урып турған өмирден ажыралып қалған болса онда сапалы тәрбия алып барыў мүмкин емес. Бердақта балаларға ақыл қәлиплестириўде турмыс даналықларын үлкен әҳмийетке ийе деп санады. «Атаңнан пәнди нәсият, ҳәммеден де усы зыят, Өткенлерден ал ибрат-деген нәсиятларды берди. Солай етип Бердақ ақыл тәрбиясында бурынғы нәсиятлардың үлкен орны бар екенлигин көрсетип: «Алың елим нәсиятым, нәсият пайда ахибет» деди. «Өмирим» қосығында бул пикирин тағы да тереңлестирип, данышпанларға қарата сизлер дүнья ҳаққындағы билим түсиниклериңизди жасларға нәсият түринде айтың «Айт нәсият барлық халыққа»[t0] деди. Жасларға нәсиятлар бериўши көпти көрген дана ғаррылардың айрықша ўазыйпа атқаратуғынын, ақыл нәсиятларды билгир

данышпанлардан үйрениў, кереклигин, жаслардың ақыллы болыўының бир жолы турмыс тәжирийбеси мол кисилердиң нәсиятын тыңлаў екенин ескертти:

Билгир сөзин тыңламаған,
Гәп мәнисин аңламаған,
Үлкеннен нәсият алмаған,
Ақылсызлық болған екен.

Бердақтың жасларға ақыл тәрбиясын бериўде нәсият усылын қолланыўы халық педагогикасы ҳәм шығыс педагогларындағы бурынғы дәстүрлерди даўам етиўден келип шыққан. Себеби халық педагогикасы турмыс практикасы дәлийллеген нәсиятларды жаслардың ақыл билимин өсириўде әҳмийетли деп қарады.

Шайырға ақыл тәрбиясын нәсият арқалы бериўдиң бәрқулла мазмунлы бола бермейтуғынлығы, айырым илимлерди нәсият жолы менен үйретиў қыйынлығы мәлим. Сонлықтан мектеп, медресениң баҳалылығына зор дыққат берди. Ақыл, илим бериўши тийкарғы орын мектеп, медресе деди. Пикиринше инсан оқымыслы ақыллы болыў ушын хат жазып, китап оқыўы керек. Саўат болмаса түрли илимлерди үйретиўши китапларды пайдаланыў туўе, айырым сәлем хатларды оқыў қыйын деп сонша ел басшысы Айдосбийдиң саўаты жоқлығын басшы кисилердеги хат танымаўшылықты нуқсан есаплап, тек басшы кисилер емес, ҳәр бир адамға саўат кереклигин талап етиў арқалы улыўма халыққа билим бериў идеясын дөретти.

Шайыр халықты билимлендириў идеясын көтергенде оның мазмунлы болыўын гөзлеп, баланы мектепте 7-8 жастан оқытыўды усынды. Оқыў орнының оларды адамгершиликке, жақсы минез-қулықлы болыўға үйретиўи керек екенин де ескертти,

Бердақтың пикиринше оқыў, билимди толық үйренип, өзлестирмегенше тынбай излениў керек. Буны «Аққан билим булақ-сағам, табылғанша излер

едим»[3]-деп жазғаны дәлийллейди. Шайыр усындай билим алыў үстинде талапланыўды айтқанда ел ишинде билим бериўши оқыў орны жеткиликсизлигин де есапқа алған. Сонлықтан жасларды Хийўа, Бухара усаған қоңсы қалаларға, жиберип тәлим алғызыў керек. Ол Қалаларда терең илим үйретиўши, өз әтирапына билимли устазларды жәмлей алған медреселер бар деди. Себеби: «...қарақалпақ медреселери Бухара  ҳәм Хийўа медреселерине қарағанда кем билим берген» .

Бердақ халық арасына билим таратып, жасларға илим уйретип, ағартыў иси менен шуғаллыныўшы мектеп медреседеги устаз-моллалардың тутатуғын орны зор екенин де айтты. Сонлықтан жасларға илим үйретиў ушын алды менен устазлардың өзлери тәлиб-илим, саўатлы болыўы кереклигин талап қылған. «Шежире»деги «Қытайбекте молла болды тәлиб-илим болған екен»-деген қатарларда устаздың билимли болыўын ескертеди. Шайыр айырым моллалардың саўатсыз болса да илим үйретемен деп халықты алдап жүргенин көрди. Бундай моллалар шәкиртлердиң билимсиз қалыўына, ахыбетинде оқыўшылардың көп-шилиги тек намазлығын ҳәм мусырман дининиң гейпара қәделерин ядлап алатуғынын, олардың арасында ҳәрипти, текстлерди көширип жаза алмайтуғынлары да болатуғынлығын сөз етти.

Бердақ үйрететуғын билими жоқ бундай моллалардың кәсибин алдаўшылық деди ҳәм моллаларға қарата сизлер балаларға ҳақыйқый илимди үйретиңлер, халық сизлерден усыны талап етеди, өзлериңиздиң-билгениңизди емес, ал халықтың тилегин есапқа алып үйретиң, халық пенен бирге болың, олардың өз балаларына илим үйретиў ҳаққындағы талапларын қанаатландырмасаңыз бул уят ҳәм халықтың баласына илим үйретемен деп билетуғын илимиң болмай ҳийлелик ислемең, өз кәсибиңизге, жәмийетлик билим бериўге дуўры болып:

Молла болсаң илимди тут,

[3] Ө.Әлеўов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи. Н. «Қарақалпақстан». 1993. 352.б

Жалғыз өзиң болмайсаң журт,
Кәсип-кәриң сениң жәдут,
Дуўры биреўи, болмады» —деп жазды.

Устаздың тийкарғы кәсиби жәдийтлик усылда билим бериў екенлигин түсиндирди. Бирақ буны дурыс иске асырыў болмай атырғаилығын айтты.

Бердақ гейпара устазлардың тәлим-тәрбияға итибарсыз қарап, дүнья табыўға умтылатуғынын, өз кәсибине көз бояўшылық ислейтуғынын әшкаралады:

Биразлар жүр молла болып,
Аўзында бәрҳә Алла болып.
Тил ушында олла болып
Сондайларға жаза бер.-

Бердақтың ағартыўшылық көз-қарасларында илим ҳаққындағы мәселе де үлкен орын тутады. Ол дүньяда кәсип көп екенлигин, биреўлердиң дүнья қуўып жүргенин, енди биреўлердиң илимге берилгенин, ямаса шайырлық пенен шуғылланыўын «Шежире»-де: «Нешшеге дүнья мал берди, нешшеге илими ҳал берди, маған тәҳәллим тил берди»—деп жазған еди. Шайыр ҳәр бир кәсиптен илим ийелеўди артық санады. Илимди ийелеў ҳақыйқатқа ерисиўдиң тийкары, илим жаслардың ақылына ақыл қосады, илимди ийелей алмай қалғанлар «Бийғайрат бийақыл болдым, илими жоқ намақул болдым» деп өкинеди.

Бердақ жасап атырған жәмийетлик турмысында изге тартыўшы феодаллардың илимди раўажландырыўға, еркин творчестволық ис етиўге кесент берип қуўдалап атырғанын көрди. Бундай ислер халықтың мәдений раўажланыўына тосқынлық жасайтуғынын сезди. «Жарық болмай оңы, солы, ашылмады билим жолы билимлиниң байлы қолы, қара думан тусти басқа» деп қараңғы қаплаған қайғы заманның» болып турғаны илимниң ағартыўдың раўажланбаўынан екенин айтты.

Бердақтың пикиринше илимпаз, алымлардың белгили бир нәрселер ҳаққындағы түсиниги, тыянақлы, дәлийлленген нызам сыяқлы беккемлескен, күтә исенимли болады, алымлар айтқан, түсиндирген ислерге сүйенсең ол

дүнья, бул дүньяда бахытқа ерисесең; «Алым сөзи шəриятдур, дуў жаҳанда шарапатдур, ғарры сөзи ўəсиятдур, билмегенлер надан екен» деп жазды

Шайырдың ойлаўынша инсан тəбиятты үйренип өз акылы күши менен тəбияттан керекли затларын алыўы зəрүр Усы себепли тəбияттың терең сырларын, таў таслардағы бий мəлим тəбиийй сырларды ашыўға да пикирлер айтты. Илимниң ўазыйпасы жаратылыс сырларын изертлеў деп буны билмегенлерди тəлим-илим оқымыслы, устаз-молла деўге болмайды деди.

Қара суўды тындырмаса,
Қара тасты сындырмаса,
Тəлим-илими болмаса
Оны молла деп ким айтар'

Бердақ илимлер арқалы адамлардың турмыс машақатын ансатластырыў мүмкиншилигин де айтты. Аўқат писириўде суўды тез қайнатыў, гөшлерди жылдам писириў қубылысларын терең үйрене отырып усы арқалы еле көрилмеген сырларды ашыўға болатуғыны «Шежире» де;

Писириўге салдым күшти
Қайнады да демде писти.
Өзи писип өзи тусти,
Кəраматын қылған екен.

Деп баянлады. Солай етип ағартыўшының пикиринше илим барлық қыйыншылықларды жеңиллетиўи, аңсатластырыўы шəрт. Бундай пикирлер «Айдос бий» поэмасында да раўажландырылған.

Бердақтың пикиринше көп адамлар қатнасып ислеўи зəрүр болған аўыр ўазыйпаларды илимниң күши арқалы олардан қатнасыўынсыз-ақ орынлаў мүмкин. Мысалы: урыс ўақтында ҳəр қыйлы илимлерди пайдаланып душпанларды аңсат жеңиўге болады:

Душпанлық қылған залымның,
Халқын ўайран қылайық,
Билим менен журтларым.
Басын кесип алайық[4].

деген пикирлерди баянлап илимди Ўатан қорғаўға пайдаланыўды айтты:

Шайыр илимниң шеги жоқлығын оны үйренген сайын билим қошлатуғынын түсиндириў менен қатар усындай терең билимди өзлестирсең

[4] Бердак. ҚҚМБ, Нөкис,1950, 202.б.

ғана мийнетиң менен халыққа танылған илимпаз боласаң, адамзаттың тийкарғы әрманларының бири алым болыў деп жаслар ушын илимниң бәлент шыңына шығыў ўазыйпасын қойды. Илим ийелеген адамларды көкке көтерди. Усындай түсиниклерин баянлап «Әрманың не» қосығында:

Өз ўақтында ойнап күлсең,
Илим қабын мойныңа илсен,
Таўсылмастай билим билсең.

Алымлықтан әрманың  не? деў менен қатар илимди хәр бир илимпаз халық хызметине жумсаўды айтып, оның жәмийет ушын әҳмийетин түсинбесе ол илимпаз емес, илимпаз халыққа жеңиллик, бахыт әкелсин, илим усының қуралы деп илимди жәмийетти жетилистириўши фактор сыпатында түсинди.

Бердақ илимниң халық ушын пайдасы көплигин айта отырып тек өз халқының илимлерин үйренип шекленбей қонсы еллердиң пайдалы илимлерин де үйрениў керек деди. Сонлықтан хәр қыйлы географиялық орталықта жайласқан түрли еллерди аралаўды, олардың турмыс шәриятын, миллий мәдений үрип-әдет, дәстүрлерин, илим жетискенликлерин өз көзи менен көриўди ҳәм буларды жақсы түсиниў ушын ол халықлардың тилин үйрениўди зәрүр деп санады. Усы пикирин жоқарыдағы қосығында «Таў таслардың басып белин, Араласаң, жәҳән елин, Барлық, халықтың билсең тилин.,. әрманың ис»—деди.

Бердақтың Наўайы, Физулы, Мақтумқулы шығармаларын түп нусқадан оқып түсиниўлери өзбек, азербайжан ҳәм түркмен тиллерин билгенлигин дәлийллейди, Сондай-ақ шайыр араб-парсы тиллерин де белгили дәрежеде өзлестирген. Шыгармаларында шебер ҳәм толық саўатлылық пенен араб-парсы сөзлерин қоллана билген.

Бердақ тил билиў мәселесинде адам жети журттың тилин билиўи керек деди. Буны «Асқар бий» поэмасында:

Харж еттилер тапты пулды,
Ким туўды бундай уғылды.
Жети  журттың, тилин билди,
Дилмаш-дилўар Асқар бий-

деп тил үйрениў менен адамның билим, дилўарлығы артатуғынын түсиндирип, тил билиў басқа халықлардың илимин үйрениў ушында керек деп қарады. Солай етип Асқар бий образы арқалы полиглот (көп тиллерди билиўши) адам болыўға шақырды. Усындай идеясын «Бүгин» қосығында тағы да тереңлестирди, қатарына бирнеше тилде сөйлеп көп тилди билиўди мақуллайды: «Ыхрар аҳды имам келди, дилмашы ҳәм дийўан келди, жети журттан мийман келди…» деп елге түрли халықлардан адамлар келгенде пикир алысыўды айырым ислерди талқылаўды олар менен еркин жүргизиў ушын тилин билиў керек деп дилмаштың исин әҳмийетли санайды.

Бердақ ҳәр бир халықтың миллий тилине ийе болатуғынын, тилдың халық тарийхы менен тығыз басланыслылығын «Шежире» де:

Ошбу тилниң бар әгаси,
Кеўлимде жайдур шежиреси,
Бәршениң ата-бабасы,
Шундин мәлум болған екен.

деп атап көрсетти. Шайырдың бул пикирлеринен халықтың тарийхы тилдиң тарийхы менен тығыз байланыслы ҳәм оны үйрениў керек деген көз-қараста сезиледи.

Шайырдың тилди терең өзлестириў идеясы «Излер едим» қосығында жәнеде өз раўажланыўына ерискен. Бердақ тилдеги гәп курылысларын, сөзлердиң гәпте жайласыў принциплерын үйретиўши синтаксисилимин оғада әҳмийетли сынайды. Усы себепли XII әсирде жасаған араб тилшиси Ибнул Ҳажиб жазған «Әлкафия» атлы араб тилиниң синтаксисине. Абдирахман Жамийдиң берген комментариясы «Шәрҳи молла»ның тил тараўы бойынша көп мағлумат беретуғынын айтып: «Түсиндирер «Шәрҳи молла» мен алымлық излер едим» деди. Солай етип шайыр араб тилине граматикалық курылысларын өзгерте отырып қарақалпақ халқының тили бойынша алымлардың шығыў тәрептары да болды.

Бердақ өз халқының тарийхын, басларынан өткерген жағдайларын билиўди, булар ҳаққында жасларға түсиник бериўди де айтты. Бул пикирин «Ахыбет» қосығында: «Ойлан шайыр өткен күнди, ата-баба кеткен күнди»-

деп тастыйықлайды. Шайыр тарыйхты үйренгенде жасап турған дәуирге шекемги ҳәм жасап турған ўақыттағы халық жағдайы (тарыйхы) деп еки дәуирге бөлип қараўды аңлатқан. Халықтың тарыйхын жақсы билиў ушын «Шежире»ни оқыў керек. «Шежире» халық тарыйхы ҳаққында китап деди. «Заманда» қосығында «Шежиреден көрдим өткен күнлерди, ғәрип қәсер азап көрген түнлерди, азап берип душпан езген еллерди, қараңғы қаплаған қайғы заманда» деп бул пикирин ашық түрде билдиреди. Шайыр жасларға халық тарийхын баянлап бериў ушын қарақалпақ халқының өтмиштеги тарийхын терең үйренди ҳәм уллы «Шежире»ни дөретти. Бердақтың, шежиреси қарақалпақлардың жәмийетлик-сиясий ҳәм хожалық турмысларын баянлайтуғын көп ғана материалларды өз мазмунына жыйнаған». Сонлықтан да Бердақ өз халқының тарийхшысы. Ағартыўшының «Шежире»си арқалы қарақалпақ халқының әййемги дәуирлеринен баслап XIX әсирге шекемги тарийхына. байланыслы тарийхшыларға көп санлы мағлыўматлар беретуғын, поэтикалық сөз бенен берилген үлкен бир тарийхый шығармаға ийемиз. Ол философ шайыр ҳәм тарийхшы сыпатында өзиниң пикирин «Тахыйық шежиредур сөзим» деп баянлайды.

Бердақтың творчествосында жасларды өнер үйрениўге шақырыў да айрықша орын тутады. Ол өнердиң тек жекке өнермент ушын емес, ал улыўма халық, жәмийет ушын керек екенин түсинди. Сонлықтан: «Бақтың ашылмаспа» қосығында «Жигит көрсең сегиз қырлы, қабыллап ал қушақ аш та»[iq] деп нәсиятлады. Себеби: «Көзли ҳәм аяқлы, тилли бир шолақ өнерсиз, билимсиз қолдан жақсырақ». Пикиринше өнер ҳәммениң қолынан келе бермейтуғын, бирақ күшли умтылыў, мийнет етиў, үйрениў нәтийжесинде билиўте болатуғын нәрсе. Шайыр өнер ийелеў мәселесинде өнерди тек ул балалар үйренсин деп шекленбеген ол ҳаял-қызлардың өнерли болыўын айрықша зәрүр деп есаплады. Сол ушын «Хүрлиманға» қосығында «Аралай бер ойды-қырды, Жигиттей бол сегиз қырлы, азаматың Хүрлиман» деп жигитлер қандай өнер ийелесе, қызым, сен де сондай өнерди ийеле, өнермент болсаң халық сүйсинип, ырза болып қарайды, хүрметлейди деди.

Бердақ жасларды ағартыўға, оқыў билимге, ақыллылыққа, тәжирийбеге сүйенип ис етиўге, өнер ийелеўге шақырды. Өз халқының еркинлигин, ағартыў ислериниң раўажланғанын көриўди әрман етти. Дәўириндеги ағартыў системасының алдыңғы қатарда болыўы ушын гүрес алып барды. Усы мақсетти әмелге асырыўда жасларды әдеп-икрамлылыққа тәрбиялап қәлиплестириў Бердақ ушын оғада әҳмийетли мәселениң бири болды.

Бердақтың жәмийетлик-педагогикалық көз-карасларында жасларды әдеплиликке үйретиў тийкарғы мәселениң бири. Ол әдеплиликти арнаўлы сөз етиўши «Балам», «Надан болма» нәсиятын ҳәм «Халық ушын», «Жақсырақ» қосықларын дөретти. Бул қосықларында әдеплиликтиң тийкарғы мазмунлары баянланған. Оның усы шығармаларының темасынан-ақ «Балам» сен «надан болма», «халық ушын» хызмет ет, сонда ис-ҳәрекетин адамгершилигин, «Жақсырақ» болады.-деген адамгершиликли идея келип шығады.

Шайыр балаларды адамгершиликке тәрбиялаўды жас ўақыттан алып барыў керек деди. «Балам» қосығындағы «кишипейил бол жастан балам» деген нәсиятлары бунық дәлийли болады. Ол әдеплиликтиң бир белгиси туўған ата-ананы, жасы уллы адамларды сыйлаў, оларға ҳүрмет көрсетиў деди. Усы себепли жоқарыдағы нәсият қосығында: «Ата-анаңды қәдирле, өлгениңше жақсы сөйле… өсериңе жақсы балам» деп әдепли болыўшылықтың тийкарғы қағыйдаларының бирин баянлады.

Бердақ уятты билиў, орны менен уялыў, орынсыз жерде уялмаў мәселелерине де көп дыққат бөледи.

Атым жоқ деп арсынба да,
Тоным жоқ деп тартынба да,
Жаманлардан уялма да,
Орын таўып отыр балам.

деп жаслардың адамлар арасындағы жүрис-турысларындағы әдеплилигине де пикирлер жүргизген. Әсиресе жасы үлкенлерди көргенде оларға сәлем бериўди адамгершилик, әдеплиликтиң нышаны бул жаслар ушын парыз, ал буны

орынламағанлар әдепсиз, пәс адамлар, инсабы жоқлар деди. «Сәлем бермей ғаррыларға, ҳазар берип пақырларға, аларып қараў оларға, бий инсаплық болған екен» деген қатарларда әдеплилик шәртлери баянланған. Бундай әдеплилик қағыйдаларының гейпара шәртлери оның «Балаларым» қосығында да орын алады. Бердақ: «Ақсақалларға берип сәлем, қолларынан алып келдим балаларым»[ii] деп жасларға, жасы үлкен кисилердиң қолынан алып, сәлемлесиўди ескертеди. Бунда үлкен адамларды олардың әдеплилиги менен жасларға үлги етеди. Шайыр әдеплилик шәртлерин «Халық ушын» қосығында да тереңнен раўажландырады.

Бердақ сөйлескенде «сиз», «биз» ликке итибар бериўди де нәсиятлады. «Мүйтен» қосығында әдеплилик пенен сөйлейтуғын, «наданлардай бий әдеп сөз айтпаған» адамларды жақсы минез-қулыққа ийе деп есаплап жасларды усы қәсийетке тәрбиялаўды, мәсләҳәт етти. Себеби: «адам айтар адамгерлик сөзлерин» әсиресе жасы үлкенлер менен сөйлескенде орынсыз пикир, гәп сөз жарыстырыўды жаман әдет деди. Олар сөйлеп атырғанда иретсиз гәпке араласпаўды ескертти. «Балам» қосығында: «Орынсыз жерге тартыспа, иретинде сөйле балам» деп сөз жүйеси келгенде тартынбай әдеплилик пенен өз пикирин айтыўды да усынды.

Буларға қосымша адам өзин төменшик услап, мүлайым сөйлеўи басқалар алдында кишипейил болыўы да әдеплиликтен деди. Сонлықтан: «Тыңлаңыз балам сөзимди, пәске тутаман өзимди» деп сөйлесип атырған адамның үлкен-кишилигине қарамай, ҳәрбир киси өзин кишипейилликте услаўы керек, тәкаббирлик пенен қарайтуғын болсаң адамлар сени жек көреди, ақыбетинде өзиң өкиниште қаласаң. «Менменликтен заўал таптым, кем-кемликтен камал таптым» деди. Сондай-ақ пикириниң тағы да түсниклирек болыўы ушын: «Менмен болма Пиримбайдай, ҳеш-кимде болмасын ондай»-деп менмен адамның турмыстағы жаман қылығын көрсетип, бундай қылықлардан аўлақ болыўды: «Онша бултыйып болма шер, әлпайым болғыл балам» деп адамгершиликке тән жақсы минезди, әдеплиликти ийелеўди талап етти.

Бердақ әдепсизликтиң ең жаман белгиси адамның өзи сыяқлы адамды масқаралап, хорлаўы деди. «Билесеңбе» қосығында бай баласының мақтаншақлық пенен турпайы сөзлерди айтып адамларды муңайтқанын сөз етип, оны уяты жоқ «ләтте пәмлиге» қосады ҳәм «Көзди алартқаннан иззет жақсырақ» деген уғымды усынады. Усы пикирин тағы даўам етип «Бий әдеплик исти ҳасла қылмағыл, сонда раўаж табар исиң халық ушын» деп адамлардың жақсы минез-қулық, әдеплилик пенен басқа түскен аўырманшылықтан қутыла алатуғынын, нәсиятлайды ҳәм «Жақсы болсаң мурадыңа жетерсең, неше мәнзил қәўипли жайдан өтерсең» деди. Дурысында да адамның күни адам менен: мудамы бир-бирине иси түседи. Усы өз-ара қатнаста кеўилге жағатуғын унамлы мәмле адамгершиликли минез-қулық, сыцласық керек, Бунысыз басқалар менен ислесиў, қыйын ал «Жаман болсаң аҳыў афған етерсең», Жаманларды журт жек көрер пейли ушын[oo]-деп ескертеди.

Бердақ адамларды жаман, жақсы деп ажыратқан ҳәм иззет ҳүрметти билетуғынларды жақсы адам деп санайды. Шайыр усындай адамларды жағымлы минезли, кең пейил, адамгершиликли, әдепли болады деген жуўмаққа келеди:

Жақсы жигитлердиң пейли тар болмас,
Жақсыларға ислер кәр болмас,
Бий әдеплик ислер ядында болмас.

Бундай қубылыслардың адам санасында қайдан пайда болатуғынына да анализ жасады ҳәм әдепсиз ислерди адамның ядындағы түсиниклерден пайда болады, ядта унамлы ойлар болмаса турмыстағы қылықлары унамсыз болады деген уғымды сездиреди Сол ушын адамның ядында бәрқулла унамлы ислер ҳаққында түсиниклер болсын, сонда оның минез-қулқы әдепли жақсы болады, яғный, «Жақсы болса бий әдеплик ис қылмас, солар хызмет етер уллы халық ушын» деген жуўмақлар жасады. Усылай етип адамдағы әдеп-икрамлылық олардың ақыл түсинигиниң жемиси, усы түсиниклер олардың бәрҳә ядында сақланады ҳәм минезди, ис-ҳәрекетти усыған сәйкеслестирип баскарады дегени көринедн.

Бердақ унамлы минез-қулықты, адамгершиликти адамның «дузы» (қәсийети) тақылетте түсинеди. Инсандағы қәсийетлер усы дуздай мағызлы әдеп-икрамлылықтан мәлим болатуғынын айтты. «Сирә сениң дузың кемди. дүзиў бермедиң төриңди» деп мәселени әдиллик пенен шешпеген, еки жүзли адамды әшкаралайды. Бердақ бул сыяқлы унамсыз әдетлилерден жийркендириў арқалы да жасларды әдеплиликке тәрбиялаў жолын көрсетти. Усылай етип шайыр субьекттеги әдеп-икрамлылықты түсиндириў үйретиў, пәнди-нәсият айтыў арқалы қәлиплеседи деген уғымды сездиреди. Бундай уғымды ол «Ақмақ патша» дәстанында да: «Сизлерге пәнди нәсият, туўры жүриң етпең уят» деп раўажландырды.

Бердақтың педагогикалық көз-карасларының белгили бир тәрепин жасларды жәмийетлик турмыстағы гөззал, жақсы қубылысларды дурыс түсиниўге тәрбиялаў шаралары қурайды.

Бул мәселеде шайыр музыканың ролине зор әҳмийет берди. Жағымлы саздың субьекттеги нәзик сезимлерди оятып рух бағышлайтуғынын, адамдағы ең нәзик сезим туйғыларды түсиндириў мүмкиншилигине ийе екенин билди. Тил менен баянлаў мүмкин болмаған түсиниклерди музыканың адам кеўилине жет-керетуғынын, будан ләззетлениў, рухланыў жүз беретуғынын, музыканың адамдағы бахытлылықты, қапашылықты баянлаўға қәбилетлилигии тәжирийбеде көп көрди. Бердақтың пикиринше музыка реаль дүньяны өзинде сәўлелендиреди. Ол өзиниң эмоциональ тәсирлилиги менен адам санасында актив сезимлер пайда етеди. Адамды жасартып, йошландырады. Жаслығын, қызықлы турмысларын ядқа түсиреди, толқынлаған сазды тыңлап өмир, дүнья ҳаққында ойланыўға бериледи, одан өзине идеялар, сезимлер, ләззетлер алады. Шайыр бул пикирлерин «Хүрлиманға» қосық күтә жақсы баянлады. Музыка жаслардың турмыс-етикалық қабыл етиўин, оған эстетикалық қатнаста болыў қәбилетлилигин раўажландырады деди.

Халықта ҳәтте саз бенен ботасы өлген нарды ийдирип саўған деген гәп бар. Шайыр музыкадағы усындай қубылысларды сезе отырып, күтә

унамлы шийрин сазға eң сайрағыш қус бүлбил де тәсирленеди, ушып баратырған бағытынан бурылып, оны тыңлаўға келеди деди. Усы идеясын қарақалпақ халық бақсысы Муўсаға бағышлаған қосығында «Ҳаўазы бүлбилден жақсы, қусты қайтарар Муўсаның» деп баянлады.

Шайыр музыканың усындай қүдиретлилигин билгенликтен «Бақтың ашылмаспа» қосығында: «Дуўтарлардай үзди тарды, алды барлық қолда барды, қара думан түсти басқа» деп феодаллардың музыканы раўажландырыўға қарсы ҳәрекетлерин әшкарлады ҳәм олар халықтың эстетикалық руўхланыўда жасаўына тосқынлық келтиретуғынын ескертти. Усыған қарамастан Бердақ жасларды музыка тыңлаўға, оның эстетикалық ләззетин сезиўге шақырды. Музыка инсанның кеўлин көтерип, келешегине үмит пенен қараўға руўхландыратуғынын айтты.

Бердақтың өзи  Күнхожа, Әжинияз сыяқлы талантлы сазенде, бақсы еди. Усы кәсибин атқарыў үстинде ол халыққа музыка ҳаққындағы идеяларын пропагандалады. Әсиресе шайыр тек ул балаларды  сазенде болыўға  шақырып қоймай, бундай мәселеге араласыўы қыйын феодаллық дүзимде жасаған ҳаял-қызларды да бақсы болыўға шақырды. Ол өз қызына бағышлап жазған «Хүрлиманға» атлы нәсият қосығында тийкарынан бул пикирин тастыйықлап, ҳаял-қызлардың еркин жасаўын сөз еткен. Усы мәселеде олардың музыкант, бақсы болыўына да мүмкиншилик излейди. Бердақтың ҳаял-қызларды музыка шертип, қосық айтыўға шақырыўын , булардың атқарыўшылығындағы адамларға тийгизетуғын эстетикалық тәсирликтиң айырмашылығы болатуғынын жақсы сезиўинен депте қараў керек. Ол өз қызының мысалында улыўма ҳаял-қызларға қарата сазенде, бақсы болғаның ушын сени феодаллар қорлаған менен адамшылық баҳаң кемимейди, сазендешиликти таслама деди. Усындай пикирлерин «Бахтың ашылмаспа» қосығында;

Сықақ етсе душпанларың,
Келген менен намыс арың,
Дуўтарыңның үзбе тарын,
Қосықты айт суўдай таста,

сыяқлы қатарлар менен баянлады. Бул музыка турмыс ҳәдийселери тийкарында пайда болған идея, түсиниклерди тәрийплейди, Сонлықтан шайыр музыканы душпанға қарсы сиясий идеялық қурал сыпатында пайдаланыў керек, ол тек сезимге тәсир етип қалмайды, ал инсанның дүньяға көз-қарасына да тәсир етеди ҳәм музыка турмыс пенен тығыз байланыслы дегенин көрсетеди.

Бердақ музыка менен қосық айтыўды байланыслы санады. Екеўи сәйкес келсе, бирин-бири толықтырып күшейтеди, эстетикалық тәсирлилиги артады. «Бүгин» қосығында: «Бақсылардың сазы жақсы, саздан да ҳаўазы жақсы» деди. Сонлықтан шайырдың эстетикалық тәрбия бериў көз-қарасларында бақсышылық өнери белгили орынға ийе.

Ол бақсылық өнердиң халыққа эстетикалық тәрбия бериўдеги ролин күтә зор баҳалады. Муўса бақсыға арнап дөреткен қосығы усының белгиси:

Адамзаттың жанға ҳәзин,
Гүллендирген кеўил жазын,
Жағымталлы сөзи, сазын,
Тәрийп етейин Муўсаның.

Шайыр, бақсылар халыққа ҳәр тәреплеме қызық бериўи керек. Оның ҳаўазы, сазы, сөзи үшеўи өз-ара сай болсын. Булар атқарыўшыда теңнен табылмаса, онда эстетикалық рух бериўи кем болады деди. Усы пикирин өз өнерин кунт пенен өзлестирмеген, таланты жоқ, айырым бақсыларды мысалға алып баянлап «Өтен бақсы ҳәм Алланияз, ҳәр жағынан қызығы аз» деп сынға алды.

Бердақ усының менен бир қатар ҳақыйқат халық сүйген бақсының қандай болыўы кереклигин күтә асқан талантқа ийе. Муўса бақсыны үлги етиў менен дәлийлледи. Оның шерткен намаларынан жасларға эстетикалық рух, тәрбия берилип атырғанын сөз етти. Халықтың өз мерекелеринде биринши гезекте усындай бақсыларды сайлап, шақырып айттырыўын талап етти. Олар өтмиштеги халық қаҳарманларының үлгили ислерин, жаслардың әдеп-икрамлылығын басқаларға үлги етип бақсылық өнери арқалы

нәсиятлаған, адамлардың минезиндеги жаман, жақсы тәреплерин көрсетип берген. Солай етип жасларды әдеп-икрамлылыққа гөззаллыққа тәрбиялаған. Бердақ усындай ҳәрекетти Муўса бақсының үлгисинде: «Қыс күнимди етеди жаз, сөзин тыңласаң Муўсаның, сөзлериниң бәри нәсият, ақыл ендирер Муўсаның, тыңлағанға йош келген, сазын еситсең Муўсаның» деп басқаларға ескертти. Буннан Бердақтың инсан ҳарактерин гөззаллық нызамларына муўапық қәлиплестириўге, жасларға мораллық, эстетикалық тәрбияны теңдей бериўге музыканың тәсири күшли болады деген идеясы көринип турады.

Бердақтың жасларға эстетикалық тәрбия бериў көз-қараслары да ағартыўшылық идеялары менен байланыслы болды. Сонлықтан ол жаслардың гөззаллықты сүйип, оннан жақсылық ислерге тәсирлениўинде эстетикалық тәрбияның әҳмийетин айрықша жоқары баҳалады.

## Екинши бап ушын жуўмақ

Бердақ қарақалпақ халқының уллы философ шайыры, қарақалпақ әдебияты, философиясы ҳәм педагогикалық ойлары тарийхын бәлент раўажландырыўшы-лардың бири. Оның тәлим-тәрбия, ағартыў ислериндеги көз-қараслары шығыс халықларының бай, дәстурий халық педагогикасы ҳәм шығыс классик ойшылларының алдыңғы қатарлы педагогикалық пикирлери менен күнделикли турмыс тийкарында қәлиплести.

Бердақтың жәмийетлик-педагогикалық көз-қараслары пантейзим элементлерин белгили дәрежеде қамтый отырып тийкарынан дейзм позициясында болды. Усы түсиниктен келип шығып Бердақ келешек жақсы болыўы ушын баланы жақсы тәрбиялаў керек деди.

Бала дүньяға келген ўақытта тәрбияға зәрүр болып туўылатуғынын тәрбияның барлық инсан перзентине керек екенлигин, ҳәм перзентти қалай тәрбияласаң солай қәлиплесетуғынын ескертти, оны унамлылыққа да,

жаманшылыққа да үйретиў мүмкин, өйткени перзенттиң жақсы я жаман, ақыллы я ақмақ болыўы оның нәсилинен емес, ал алған тәрбиясынан, өскен орталығынан, социаллық турмысынан ғәрезли болады деди.

Бердақ айырым надурыс жоллар менен тәрбияланған, өз көз-қарасын қәте қәлиплестирген жасларды қайтадан тәрбиялаў нәтийжесинде унамсыз минезинен қутқарып, жақсы әдетлерге үйретиў мүмкиншилигин де айтты. Бул исте жаслардың жақсы адамлардан өрнек алыўын ҳәм буны табыслы жүргизиў де устазлардың айрықша орны бар екенлигин көрсетти. Ҳәтте бузық пикирли инсанларды да қайта тәрбиялап, зулымлықтан бездирип инсаплы адам етиў мүмкин деп ойлады.

Шайыр тәрбияда дене жазасының балада унамсыз тәсир қалдыратуғынын мектепте оқыған дәўиринде көрген шәкирттиң бири сыпатында пикир жүргизген. Әсиресе ол семьяда баланы урып, жаман сөзлер айтып тәрбиялаўдың қәтешилик екенин айрықша түсиндирди.

Бердақ жаслардың унамлы азамат болып қәлиплесиўи ушын зәрүр тәрбия түрлери: ақыл-билимлилик, мораллық унамлылық және гөззаллықты сүйиўге тәрбиялаў деп көрсетти ҳәм тәлим менен тәрбияның байланыста болыўын мақуллады. Бердақтың түсинигинше ақыл жетискенлиги адамды ҳәр тәреплеме табысқа еристиреди деп барлық нәрсени ақыл менен ойлап, ақыл менен шешиўди талап етти. Ағартыўшының ақыл тәрбиясы ҳаққындағы пикирлери оның дүньяны билиў түсиниклери менен тығыз байланысқан.

Бердақ жаслардың оқыўға барыў ўақытын 7-8 жаслар шамасы деп шешти ҳәм халық ишиндеги ҳәрбир адамға саўатлы билимли болыўды зәрүр санай отырып, улыўма халықты саўатлы етиў идеясын көтерди. Бул ушын мектеп, медреселерде оқып, түрли илимлерди өзлестириўди айтты. Адамлар қанша саўатлы, билимли ҳәм тәртип-интизамға бай болса, адамшылық жәмийет сонша унамлы болады деди.

Шайыр жасларды ақыллылық пенен бирге жақсы минез-қулыққа, әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаў кереклигин де ўәсият етти. Әдеп-икрамлық

жетискенлиги, адамдағы тийкарғы белгиниң бири екенин көрсете отырып, ақыл менен мораллық унамлылықларды байланыслы деп санады. Тек ақылы бар адамлар ғана әдеплилик жақтан унамлылыққа ериседи деди.

Бердақтың эстетикалық тәрбия бериўдеги жаңашыллығы айрықша дыққатқа миясар. Ол ул балаларға емес, ал қызларғада музыка шертиўди, саз өнерин үйретиў керек деп өзинен бурынғы ойшыллар еле кескин айтып үлгермеген жаңа идеяны жарыққа шығарды ҳәм буны өзиниң қызы арқалы басқаларға үлги етти. Эстетикалық тәрбия жаслардағы жақсы сезимлерди раўажландырып қәлиплестиреди деди. Басқа тәрбиялар сыяқлы мораллық ҳәм эстетикалық тәрбияны да жас ўақыттан бериў ҳаққындағы түсиниги балалардың руўхый процессин, сезим дәрежелерин белгили муғдарда түсингенин, усы түсиникке сай тәрбия бериў керек деп ескерткенин дәлиллейди.

Бердақ сөз еткен тәрбияның барлық түрлерин бири менен екиншисиниң байланысқан түрде жүргизилиўин, өз-ара толықтырыўшылық қәсийетке ийе болыўын талап етти. Оның тәлим-тәрбия тараўындағы ой-пикирлери өзиниң идеялық, социаллық-сиясий бағыты жағынан тек ғана XIX әсирдеги қарақалпақ ойшыллары ишинде емес, ал Орта Азия ағартыўшылары арасында да жоқарғы орында турады.

## Пайдаланған әдебиятлар


1. Каримов И.А. "Тарихий хотирасиз келажак йок". Тошкент, "Шарк", 1998
2. Каримов И.А. «Жоқары манаўият жеңилмес күш». Т.2009.ж.
3. Каримов И.А. По пути безопасности и стабильного развития. Т.7, Т., 1998
4. Каримов И.А. Раскрытия потенциал каракалпакской земли, подъем уровня жизни людей – актуальная задача. Правда Востока, 2002, 3-мая.
5. Адамбаева. Т. Революцияга шекемги каракалпак музыкасы. Нокис 1976-жыл.
6. Алеуов.О.Ажиняздын агартыушылык ойлары.Нокис. Каракалпакстан. 1982 жыл
7. Алеуов.О. «Айемги Орта Азия халыкларынын педагогикалык ойлары.Нокис.1987ж
8. Алеуов. О. XIX асирдин акыры XX асирдин басларындагы каракалпак адебиятындагы агартыушылык пикирлер.Нокис.Каракалпакстан.1992ж
9. Алеуов. О Каракалпакстанда талим тарбиялык ойлардын калиплесиуи хам рауажланыуы.Нокис.Билим. 1993 жыл
10. Алеуов.О. Станавление и развитие педагогической мысли в Каракалпакстане (Сдревнейших времен до 30-х годов XX века).Нукус.Билим.1996 год
11. Айымбетов. К Халык даналыгыНокис 1988-жыл
12. Айымбетов.К. Тарийхый косыклар, жыраулар репертуарында Амиударья журналы №8 1964-ж
13. Аманиязов Г.Келин бирге косык айтайык. «Билим» баспасы 1994.ж.
14. Алланазаров. Д. Каракалпак халык сазлары Нокис 2002-жыл
15. Тажимуратов. А. «Каракалпак халык косыклары». Нокис 1965-ж
16. Каракалпак фольклоры V-том. Нокис 1980-ж
17. Каракалпак халык намалары VIII-том Тошкент 1959-ж